**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

***Қол жазба ҳуқықында***

удк

Кафедра: Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў

**Есбосынов Азамат Қайратович**

**Тема:** Қамсызландырыў шөлкемлерин инвестициялаўды ҳуқықый тәртипке салыў

**5А380102 – «Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў; ҳәкимшилик ҳуқық; финанс ҳуқықы**» қәнигелиги бойынша магистр дәрежесин алыў ушын жазылған диссертациясы

МАК да жақлаўға рухсат

Магистратура бөлими баслығы

______________А.Гулимов

Кафедра баслығы

___________З.А.Реймова

Илимий басшы А.Гулимов

___________

**НӨКИС-2014**

# КИРИСИЎ

**Изертлеў темасының актуаллығы**. Қамсызландырыў хызмети қурамалы финанслық институт болғанлығы себепли өз искерлигиниң түрли басқышларында илимий изертлеўлер алып барыў ушын үлкен имкәниятлар ашып берген. Жәмийетте экономикалық ҳәм социаллық турақлылықты тәмийинлеў хәмде қосымша инвестиция ресурсларын киригизиў бойынша экономикалық раўажланған мәмлекетлерде қамсызландырыў хызмети әҳмийетли роль ойнайды. Сол себепли, қамсызландырыў искерлигин ақылға уғрас ҳәм әҳмийетли шөлкемлестириўде мәмлекет мекемелери ҳәм қамсызландырыў шөлкемлери алдына жоқары талаплар қойылады.

“Мәмлекетимизде қурамлы өзгерислерди изшил әмелге асырыўда қолайлы инвестиция орталығының жаратылғаны тийкарғы фактор болып келмекте. Соны исеним менен айтыў керек, өзлестирилген барлық инвестициялардың көбирек қурамын кәрханалар ҳәм халық қәрежетлери қурайды. Бул мәмлекетимизде салық жүгин кемейттириў ҳәм хожалық жүритиўши субъектлердиң инвестиция искерлигин сыйлықландырыў бойынша алып барылып атырған салық сиясаты қаншелли дәрежеде дурыс екенин және бир мәрте тастыйықлайды”[1]. Соны айрықша айтып өтиўимиз тийис, мәмлекетимизде қамсызландырыў шөлкемлери қарамағында болған қәрежетлерди инвестиция қылыў мәселелерине де үлкен әҳмийет берилмекте.

Қамсызландырыў шөлкеминиң инвестиция искерлиги микробасқышта әўметке ямаса әўметсизликке ерисиўи арқалы қамсызландырыў шөлкеми қамсызландырыў базарында өз орнын таўып алыўына ҳәм нәтийжели ис жүритиўине жақсы тәсир көрсетеди. Буны төмендегилер арқалы билип алыў мүмкин.

[1] И.А. Каримов. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. Т.: Ўзбекистон, 2009. 18-19 бетлар.

Биринщиден, инвестиция искерлиги жетерли қамсызландырыў фондын дүзиў есабына қамсызландырыў хызметлерин көрсетиў имканиятын береди.

Екинщиден, жоқары дәрежеде шөлкемлестирилген инвестиция искерлиги көрсетилетуғын қамсызландырыў хызметиниң сыпатын тәмийинлейди ҳәм өз нәўбетинде қамсызландырыў шөлкеминиң қамсызландырыў базарындағы дәрежесин белгилейди.

Үшинщиден, инвестиция қылыў қамсызландырыў шөлкеминиң енгизиўшилерине өз бизнесин раўажландырыўға ҳәм оны еркин басқарыўға имканият жаратады.

Макробасқышта мәмлекет тәрепинен мүнәсип тәртипке салынғанда қамсызландырыў шөлкеминиң табыслы инвестиция искерлиги узақ мүддетли инвестициялар дереги болып, келешекте жоқары экономикалық нәтийжеге ерисиўге имканият жаратады.

Сол себепли, қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин жобалы ҳәм илимий тийкарланған жағдайда шөлкемлестириў машқаласы ҳәзирги күнде жүдә орынлы есапланады. Усы тараўға тийисли болған бир қатар мәселелердиң орынланбағанлығын есапқа алған ҳалда айтыўымыз тийис, қамсызландырыў шөлкеми инвестиция искерлигиниң қәсийетлерин анықлаў ҳәм үйрениў бойынша илимий изертлеў алып барыў әҳмийетли есапланады.

Бизиңше, қамсызландырыў шөлкеми инвестиция искерлиги төмендеги тийкарғы қәсийетлерге ийе:

1. Раўажланған мәмлекетлерде қамсызландырыўшылар ҳәр дайым ең ири инвесторлардың биринши үшлигинен орын алған (банклер, қамсызландырыў компаниялары ҳәм пенсия фондлары).

2. Қамсызландырыў шөлкеми инвестиция ресурсларының еки түрине ийе – жеке қәрежетлер (қамсызландырыў миннетлерине байланыслы болмаған) ҳәм қамсызландырыў қорларын қураўшы қәрежетлер (қамсызландырыў шәртнамасы бойынша талаплар менен байланыслы

болған). Тәбийий, ҳәр бири өзине тән қәсийетлерге ҳәм инвестиция қылыў имканияты көз қарасынан белгили шеклеўлерге ийе.

3. Қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлиги, әсиресе қамсызландырыў қорларын қураўшы қәрежетлерин инвестиция қылыў мәселелери мәмлекет тәрепинен қатаң тәртипке салынады.

4. Қамсызландырыў шөлкеми ушын инвестиция искерлиги тийкарғы емес, бәлким қосымша искерлик түри есапланады. Соның менен бирге, тийкарғы болған қамсызландырыў искерлиги инвестиция искерлигине белгили шеклеўлерди қояды. Усы илимий изертлеўде жоқарыда келтирилген қәсийетлерди қамсызландырыўшылардың искерлигине тәсирин үйрениўге, усы қәсийетлердиң айырымларына тийисли өзгерислер киритиў ҳәм олардан қамсызландырыў шөлкемлери искерлигинде нәтийжели пайдаланыў барысында усыныслар бериўге ҳәрекет қылынған.

Әмелдеги норматив ҳүжжетлерге өзгерис киритиў бойынша усыныслар ислеп шығыўдан тысқары әхмийетли машкалалар да бар. Мысал ушын, қамсызландырыўшылардың инвестиция искерлигин тәрийплеўши түсиниклер аппараты жоқ. Жәнеде қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин тәртипке салыўшы барлық нормаларды өзинде бирлестирген жалғыз бир Нызам жоқ. Сол себепли, усы изертлеўде сол сыяқлы машқалаларға айрықша итибар берилген ҳәм пикиримизше бул илимий изертлеўдиң сәўлелениў ҳәм ўазыйпаларына сәйкес келеди деп есаплаймыз.

Ҳәзирги шәраятларда, яғный айырым мәмлекетлерде жәҳән финанслық-экономикалық кризиси даўам етип атырған ўақтында экономикамызға инвестициялар киритиў барысында ҳәрежетлердиң азлығы себепли қамсызландырыў шөлкемлериниң қәрежетлерин инвестиция қылыў мәселеси жүда әҳмийетли болып есапланады. Соның менен бир қатарда, усы тема бойынша арнаўлы илимий жумыслар жоқ. Бул илимий изертлеў усы тараўда жүзеге келген бослықты толықтырыў ушын мөлшерленген.

**Изертлеўдиң мақсет ҳәм ўазыйпалары.** Усы илимий жумыстың сәўлелениўи ҳәзирде бар теориялык пикирлерди ҳәм усы тараўда арттырылған әмелий тәжирийбелерди шлыўмаластырыў және солардың тийкарында қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин шөлкемлестириў менен байланыслы болған усынысларды ислеп шығыўдан ибарат.

Белгиленген мақсетлерге ерисиў ушын бир қатар ўазыйпаларды шешиў тийис болады, солардан:

- Инвестиция ҳәм инвестиция искерлиги түсиниклери мәнисин аңлап алыў ҳәмде инвестиция түрлери және формаларын белгилеп алыў ;
- Миллий экономикамызда қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигиниң орнын аныклаў;
- Қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплерин белгилеп алыў, қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция ресурслары дереклерин ҳәм олардың қәсийетлерин аңлап алыў;
- Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин нызамлы түрде тәртипке салыў мәселелерин үйрениў;
- Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин әмелге асырыў мәселелерин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў шәртлерин белгилеп алыў.

**Изертлеў объекти.** Бул илимий жумыстың объекти болып қамсызландырыў шөлкемлеринин инвестиция искерлиги ҳәмде инвестиция искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў ушын мөлшерленген норматив-ҳуқықый база есапланады.

**Изертлеў предмети.** Усы илимий жумыстын предмети болып ҳәзирги экономикалық жағдайда қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин қәлиплестириў, раўажландырыў, әмелге асырыў ҳәм тәртипке салыўдың өзгешеликлери ҳәм ҳуқықый машқалалары есапланады.

**Машкаланың үйренилгенлик дәрежеси.** Өзбекистан Республикасы қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин тәртипке салыў темасында алып барылған илимий жумыслар анықланбады. Соның менен бир қатарда, бул темада қарақалпақ ямаса өзбек тилинде басып шығарылған арнаўлы адебиятлар жок. Бул жағдайдың тийкаргы себеби сыпатында қамсызландырыўшылар тәрепинен инвестиция искерлигине жетерли дәрежеде итибар берилмеген деп билиў ҳәм түсиниў мүмкин.

Өзбекстанлық алымлар С.С. Гулямов ҳам Б.Б. Самарходжаев Өзбекистанда инвестиция ҳуқықын кәлиплестириў бойынша үлкен үлес қосқан. Соның менен бир қатарда, бул бойынша төмендеги белгили өзбекстан алымларының илимий жумысларын айтып өтиў тийис: И.Б. Зокиров, О.О. Окюлов, Х.Р.Рахмонкулов, К.К.Рашидов, Р.Рузиев, З.Убайдуллаев, Ш.Ш.Шорахмедов, Ш.Г. Юлдашев, Н. Абдуллаева ҳәм басқалар.

Россия илиминде инвестиция ҳәм инвестиция искерлиги машқалаларына бағышлап илимий жумыс жазған төмендеги алымларды келтириў мүмкин: Андреев В.К., Антипова О.М., Богуславский М.М., Богатырев А.Г., Бочаров В.В., Доронина Н.Г., Иванов Н.И., Иващенко А.А., Игонина Л.Л., Игошин Н.В., Ковешников М.Е., Сергеев И.В., Черепанов Н.С., Чикулаев Р.В., Шумилов В.М. ҳәм басқалар.

Шет ел алымлары Беренс В., Тынель А., Шарп Ш.Ф. ҳәм басқалардың мийнетлерине де итибарға ылайық.

**Изертлеўдиң илимий жаналығы төмендегилерден ибарат:**

1. Биринши мәрте қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин нызамлы тәртипке салыў тараўында әмел қылып атырған Өзбекистан Республикасының нызамшылығы өзгешеликлери үйренилди.

2. Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигине байланыслы болған барлық нормаларын өзинде жәмлеген жалғыз Нызамды ислеп шығыў ҳәм оны өмирге колланыў зәрүрлиги усыныс етилди.

3. Инвестор сыпатында қамсызландырыў шөлкеми искерлигиниң имканиятлары ҳәм өзине сәйкес қәсийетлери анықланды.

4. Қамсызландырыў шөлкеминиң инвестиция искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў мақсетлери, принциплери ҳәм шәртлери анықланды жәнe оларды жетилистириў бойынша усынıслар ислеп шығылды.

5. Қамсызландырыў иси бойынша окып атырған студентлерге “Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция исерлигиниң ҳуқықый тийкарлары” атлы сабаклық киритиў усыныс етилмекте.

6. Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин шөлкемлестириўдиң ҳуқыкый тийкарларын ҳәм принциплерин ислеп шыгыў усыныс етилмекте.

**Изертлеўдин әмелий әҳмийети соннан** ибарат, илимий изертлеў нәтийжесинде алынған пикир ҳәм нәтийжелер төмендеги мақсетлерде:

- Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин тәртипке салыўшы әмелдеги норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди жетилистириў бойынша;
- Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин ҳуқықый тәртипке салыў машқалаларын үйрениў бойынша келешекте алып барылатуғын илимий изертлеўлерде;
- Инвестиция искерлигин әмелге асырыўда катнасыўшы қамсызландырыў шөлкемлери қәнийгелерин таярлаў ҳәм олардың тәжирийбелерин асырыў бойынша;
- “Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигиниң ҳуқыкый тийкарлары” атлы сабаклык бойынша окыў-методикалық колланбаны ислеп шығыў бойынша колланылыўы мүмкин.

**Изертлеўдиң методологиялық тийкары.** Усы илимий изертлеў даўамында анализ, логикалық, тарийхый, системалық, ҳуқықый салыстырыў ҳәм информацион-технологиялық усыллардан пайдаланылды.

**Изертлеўдиң теориялық тийкарын** инвестиция, инвестиция искерлиги ҳәм қамсызландырыў тараўында жумыс алып барған мәмлекетимиз, россия ҳәм шет ел мәмлекетлери алымларының теориялық ҳәм илимий жумыслары қурайды.

**Изертлеўдиң нормативлик базасын төмендегилер қурайды:**

1. Өзбекистан Республикасы Конституциясы.

2. Өзбекистан Республикасы Пуқаралық кодекси.

3. Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги ҳаққында”ғы ҳәм “Қамсызландырыў искерлиги ҳаққында”ғы нызамлары.

4. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрман ҳәм қарарлары.

5. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм басқа норматив ҳүжжетлер.

**Изертлеў нәтийжелериниң сынаўдан өткенлиги.** Диссертация жумысы Бердақ атындагы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң «Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў» кафедрасында таярланған ҳәм талқыланған.

**Изертлеўдиң структурасы.** Усы магистрлик диссертация жумысы кирисиў бөлими, үш баптан, жуўмақлаў бөлиминен ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен турады.

# I-БАП. ИНВЕСТИЦИЯ ТҮСИНИГИ, ТҮРИ ҲӘМ ФОРМАЛАРЫ

## 1.1. Инвестиция ҳәм инвестициялық искерлик түсиниги

Инвестициялық искерлик үзликсиз жәмийет итибарының дыққат орайында болған. Инвестиция киритиў хожалық жүритиў искерлигиниң ең тийкарын қурайды, яғный экономикалық раўажланыўдың процесслерин анықлап береди. Соның ушын, усы машқалаларды ҳуқықый тәртипке салыў экономиканы раўажландырыўдың әҳмийетли шәртлеринен бири есапланады.

Инвестициялық искерликти тәртипке салыўшы ҳуқықый нормаларды дурыс таңлаў ушын биринши гезекте, инвестиция түсинигине айдынлық киритиў керек, яғный оның мазмуны мәнисин, қурамын ҳәм түрлерин анықлап алыўымыз тийис.

Мазмунына қарайтуғын болсақ, “инвестициялар – бул мәмлекеттиң ишки аймағында хәм тыскарысында экономиканың тараўларына узақ мүддетке капиталды енгизиў”.[1] Юридикалық энциклопедияда инвестицияның экономикалық мазмунына төмендегише тәрийп, яғный мәлим бир кәрханаға, шөлкемге, узақ мүддетли жойбарға пул қаржыларын, капиталды жайластырыў түсиниледи[2].

Соныда айтыў керек, “инвестиция” түсинигиниң экономикалық ҳәм юридикалық мазмунлары бар. “Инвестиция” түсинигиниң ҳуқықый имканиятын анық ҳәм бар дәрежеде аңлаў ушын оның экономикалық мазмунын анықлап алыў мүмкин.

Соңғы ўақытларда “инвестиция” атамасы илимий әдебиятларда ҳәм хүжжетлерде кең анықланған. Шет ел әдебиятларында “инвестиция”

[1] Қараң: Толковый словарь иностранных слов. М. 1998. 120-бет.
[2]Қараң: Тихомирова Л.В., Тихомиров М.Ю. Юридическая энциклопедия. М., 1998. 180-бет.

атамасын айтып соны көрсетеди, инвестордың тийкарғы мақсети пайда алыў ушын инвестицияны белгили бир кәсипке киритиў түсиниледи. Көп жағдайларда инвестиция дегенде келешекте капиталды көбейттириў мәселесинде капиталды қәрежетти жумсаў нәзерде тутылған.

Усының менен бир қатарда, инвестицияны тәрийиплеў бойынша басқа көз-қарас бар. Қымбатлы қағазлар базарының раўажланыўы менен базар экономикасы раўажланған мәмлекетлерде инвестицияларды қымбат баҳалы қағазларға жумсаў кең жолға қойылған.

Инвестиция киритиў машқалаларына баҳаланған бир қатар илимий мақалаларда инвестиция капиталды жайластырыў жолы болып, онда капитал өз қунын сақлап қалыўы ямаса көбейиўи ҳәм пайда келтириўи тийислиги нәзерде тутылады. Бул көз-қараста инвестицияның тийкарғы қәсийети қаржыландырыў емес, бәлким пайда көриў болып есапланады. "Инвестициялаў дегенде бугин пул қаржыларын сарыплаў ҳәм келешекте оның қунын алыў түсиниледи "[1].

Инвестициялар тек ғана пайда алыў ушын сарыпланбайды, бәлким ол ямаса бул социаллық нәтийжеге ерисиў ушын кем сарыпланыўы мүмкин. Оның мақсети капиталды тәлим, илим-пән, қайыр сақаўат ҳәм басқа коммерциялық емес мақсетлерге сарыплаўдан ибарат. Бул ҳаққында В.В. Бочаров инвестицияны төмендегише тәрийплейди.

Яғный инвестициялар – бул исбилерменлик ҳәм басқа искерлик түрлерине сарыпланатуғын барлық түрдеги материаллық ҳәм интеллектуал байлықлар болып, олар нәтийжесинде пайда жүзеге келиўи ямаса социаллық нәтийжеге ерисиледи[2].

Инвестиция ҳәм инвестициялық искерлик машқалаларына тийисли болған ҳуқықый әдебиятларға келсек, бунда инвестициялар мүлктиң синоними сыпатында тәрийпленеди. Мысалы, А.Г. Богатырев инвестиция түсинигин үйренип, оны investment сөзинен аўдарғанда "капитал

---

[1] Қараң: Шарп У.Ф., Александрер Г.Дж., Бэйли Дж.В. Инвестиции. М., 2003. 1-бет.
[2] Бочаров В.В. Финансово-кредитные методы регулирования рынка инвестиций. М., 1993. 9-бет.

қойылмалар ” деп тәрийплейди. Усы автор кейиншелик сондай пикирге келемиз, инвестициялар – бул мүлк, себеби онда мал-мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны көз алдына келтириў қәсийетлери бар болған[1].

Усы себепли, инвестиция түсиниги берилген барлық тәрийплер кем анализ етилгени анықланған. Базар экономикасы талапларынан келип шығып, инвестициялық искерлик түсинигиниң анық тәрийпи Өзбекстан Республикасының нызамшылығында өз көринисин тапған.

Өзбекстан Республикасының “Инвестиция ҳәрекети ҳаққында ”ғы нызамының 2-статьясында инвестициялар – экономикалық ҳәм басқа искерлик объектлерине киритилетуғын материаллық ҳәм материаллық емес байлықлар көлеминде оларға тийисли[2] деп тәрийп берилген.

Өзбекстан Республикасының “Шет ел инвестициялары хаққында”ғы нызамының 3-статьясына муўапық шет ел инвесторлары тийкарынан пайда алыў мақсетинде исбилерменлик ҳәрекети ҳәм нызам ҳүжжетлерине тийисли болмаған басқа түрдеги искерлик объектлерге қосылатуғын барлық түрдеги материаллық ҳәм материаллық емес байлықлар ҳәм оларға тийисли ҳуқықлар, соннан, интеллектуал мүликке тийисли ҳуқықлар, сондай-ақ шет ел инвестицияларынан алынған ҳәр қандай пайда Өзбекстан Республикасында шет ел инвестициялары[3] деп аталады.

Усының менен бир қатарда, инвестиция түсинигиниң тәрийпи басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерде де аз берилген. Яғный, 1997 жыл 28 мартта қабыл етилген инвесторлар ҳуқықларын қорғаў ҳаққындағы Ғәрезсиз Мәмлекетлер Дослық Аўқамы (ҒМДА) мәмлекетлери Конвенциясында (кейиншелик - инвесторлар ҳуқықларын қорғаў ҳаққындағы Конвенция) инвестиция түсиниги төмендегише тәрийпленген: дәрамат (пайда) алыў ямаса социаллық нәтийжеге ерисиў мақсетинде ҳәр қыйлы искерлик объектлерине киритилген инвестордың жеке ямаса

---

[1] Богатырев А.Г. Инвестиционное право. М. 1992. 11-12 бетлар.
[2] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999 й., 1-сон, 10-модда;
[3] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5-6-сон, 91-модда; 1999 й., 9-сон, 229-модда;

тартылған финанслық ҳәм материаллық байлықлары, соннан, материаллық ҳәм интеллектуал мүликке тийисли ҳуқықларына инвестициялар[1] деб айтылады.

Инвестиция түсиниги өз ишине көп мүнәсибетлерди қамтып алғанлығы ушын ҳуқықый пәнде инвестиция атамасының бирден-бир анық тәрийпи жоқ.

Пуқаралық ҳәм инвестиция нызамшылығы нормативлерин салыстырғанда соны көриўимиз мүмкин, пуллы характерге ийе болған пуқаралық ҳуқықының барлық объектлери инвестиция болып есапланады. Пуллы характерге ийе болмаған пуқаралық ҳуқықының объектлери инвестиция болып есапланбайды. Бул сондай материаллық емес байлықлар болып, оған шахстың өмири ҳәм саламатлығы, абройы ҳәм қәдир қымбаты, жеке қол қатысмаслығы, исшеңлик абройы, жеке өмириниң қол қатылмаслығы, жеке ҳәм семьялық сыры, атына болған ҳуқықы, басқа жеке мүлклик емес ҳуқықлар ҳәмде туўылғанынан баслап ямаса нызамға муўапық пуқараға тийисли болған басқа материаллық емес байлықлар киреди.

Инвестиция түсиниги анық айдынлық киритиў мақсетинде оның ҳәр қыйлы тийкарлары бойынша бөлистириўге айрықша итибар қаратыў керек.

Усы мәселе қурамалы болып, оған анық бир жуўап жоқ. Мысалы, Л.Л. Игонина инвестиция киритиў объектлери бойынша реал ҳәм финанслық инвестицияларға ажыратады. Бунда реал инвестицияларға тек реал экономикалық активлер, бәлким материаллық емес активлер (илимий-техникалық, интеллектуал өнимлер ҳәм басқалар)да киреди.[2]. Усы автор инвестициялаў мақсети бойынша инвестицияларды туўры ҳәм портфел инвестицияларға бөлинеди. Туўры инвестициялар – бул инвестиция киритиўи мөлшерленген объектти басқарыў ҳәм оның үстинен қадағалаў мақсетинде кәрхана (фирма, компания)ның устав капиталына қаржы

---

[1] www.

[2] Игонина Л.Л. Инвестиции. Учебное пособие/Под ред. д-ра экон. наук В.А. Сленова, М., 2004. 32-бет.

киритиў, портфел инвестициялар болса пайда алыў ҳәм қәуип қәтерлерди диверсификациялаў мақсетинде экономикалық активлерге қаржылар киритиў нәзерде тутылады.

Соның менен бирге, юридикалық әдебиятларда инвестициялаў мақсетинен келип шыққан ҳалда инвестициялар экономикалық ҳәм тутыныў инвестицияларына бөлинеди. Экономикалық инвестициялар дегенде, пайда алыў мақсетинде инвестиция киритиў, тутыныў инвестициясы болса – келешекте ол ямаса бул талапларды орынлаў ушын қаржы киритиў көзде тутылады.

Ҳуқықый тәртипке салыўдың әмелиятда инвестицияларды бөлистириўдиң ҳәр қыйлы тәрийплери бар. Бир қыйлы жағдайларда туўры инвестициялар деп өндириске, портфел инвестицияларды болса қымбат баҳалы үскенелерди сатып алыўға сарыпланатуғын қаржыларға айтылады.

Черепанов Н.С. портфел инвестициясына төмендегише тәрийп береди, яғный эмитентти басқарыўда қатнасыў ҳуқықысыз пайда алыў мақсетинде қымбат баҳалы қағазларды сатып алыўға портфел инвестициялар деп айтылады[1].

Бизиңше Өзбекстан Республикасының нызамшылығында туўры ҳәм портфел инвестициялардың тәрийпи берилмеген. Усы себепли, усы түсиниклердиң тәрийплери нызамшылығымызда көрсетилип өтилиўи мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

Инвестиция ҳәрекетиниң шөлкемлескен-ҳуқықый түрлери көз-қарасынан келип шығып әдебиятта инвестиция киритиўдиң шәртнамалы ҳәм корпоратив түрлери бар[2].

Инвестициялардың шәртнамалы түри өзинде шәртнамалардың еки түрли тәреплери бар болып, усы шәртнамалар узақ мүддетке дүзиледи ҳәм тәреплер искерлик даўамында пайда ямаса зыян бирге қатнасады.

---

[1] Черепанов Н.С. Предпринимательское право в рыночной экономике. М., 2004. 21-бет.
[2] Н.Г. Доронина, Н.Г. Семилютина. Обзор законодательства об иностранных инвестициях// Право и экономика. 2003. № 3,4. 11-бет.

Инвестиция ҳәрекетиниң корпоратив формасы юридикалық шахсты көзде тутады. Ҳәзирги күнде инвестиция ҳәрекетиниң корпоратив формасы дегенде Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси менен тәртипке салынатуғын хожалық ширкетлери ҳәм жәмийетлери нәзерде тутылады.

Ҳәзирги ўақытта инвестиция ҳәрекети түсинигиниң әҳмийети ҳәм қурамы бойынша бир қатар илимий көз-караслар бар. Инглис экономистлери В.Беренс ҳәм П.Хавранек инвестициялаўды төмендегише тәрийплейди, яғный келешекте таза пайда алыў ҳәм финанслық ресурсларды ислеп шығарыў активлерине айландырыў мақсетинде экономикалық ресурсларды узақ мүддетке сарыплаўға айтылады[1].

Инвестиция ҳәрекети атамасына кең ҳәм қысқа мәнисте тәрийп бериў мүмкин. Инвестиция ҳәрекети кең мәнисте – бул пайда алыў мақсетинде инвестиция объектлерине қаржылар киритиў менен байланыслы болған искерлиги түсиниледи. Инвестиция ҳәрекети қысқа мәнисте инвестиция ресурсларын сарыпланған қаржыларға айландырыў түсиниледи[2].

Инвестициялардың ҳәрекети еки тийкарғы басқышта өтеди. Биринши басқыш "инвестиция ресурслары – сарыпланған қаржылар"дың әҳмийети улыўма алғанда инвестиция ҳәрекети нәзерде тутылады. Екинши басқыш "қаржы сарыплаў – инвестиция киритиўдың нәтийжеси " дегенде инвестиция киритиў ақыбетинде пайда алыў ҳәм кеткен қәрежетлердиң қапланыўы түсиниледи. Бул ҳәр бир экономикалық ҳәрекеттиң еки әҳмийетли элементлерин, яғный кеткен қәрежет ҳәм алынған пайда ортасындағы өз-ара байланыслығын сәўлелендиреди. Пайда алмасдан турып инвестиция ҳәрекети менен шуғылланыўдың мәниси жоқ. Сол себепли, инвестиция ҳәрекети улыўма алғанда ресурсларды сарыплаў ҳәм келешекте пайда алыў процесслериниң жыйнағы болып есапланады[3].

---

[1] Беренс В., Хавранек Н. Руководство по оценке эффективности инвестиций. М., 1995. 20-бет.
[2] Игонина Л.Л. Инвестиции. Учебное пособие/Под ред. д-ра экон. наук В.А. Сленова, М., 2004. 25-бет.
[3] Уша ерда. 20-бет.

Жоқарыда инвестиция ҳәрекети түсиниги экономистлер берген тәрийпин көрип шықтық. Енди болса усы атаманың ҳуқықый әдебиятлардағы тәрийпин көрип шығамыз. Усы атаманың қысқаша тәрийпи В.К. Андреев, Л.Н. Степанюк, В.И. Остроухова тәрепинен берилген, яғный "инвестиция ҳәрекети ямаса инвестиция киритиў – бул инвестицияларды әмелге асырыў бойынша әмелий ҳәрекетлердиң жыйнағы "[1].

Усы түсинигиниң кеңейтирилген тәрийпи Р.В. Чикулаев тәрепинен берилген ҳәм төмендегише баян етилген: "Инвестиция ҳәрекети дегенде тийисли қаржылар есабынан социаллық пайдалы мақсетлерге ерисиў ҳәм жәмийетке керекли потенциалды жаратыў мақсетинде қәлеген мал-мүлкине (активлер), материаллық емес байлықларға, исбилерменлик ҳәм басқа ҳәрекетиниң жаңа түрлерине, юридикалық шахслардың устав капиталына ҳәм басқа объектлерге инвестиция қаржылары есапланған материаллық ҳәм материаллық емес байлықларды сарыплаў бойынша таярлық көриў, жобаластырыў ҳәм әмелге асырыў барысында бир шахс ямаса инвесторлардың жәмәәти тәрепинен мақсетли ҳәрекети әмелге асырыў түсиниледи "[2].

Бизиңше усы тәрийп те өзине тән кемшиликлерге ийе. Биринשиден, онда артықша болған басқа тийкарғы түсиниклер де берилген, мысал ретинде инвестиция объектлерин келтириў мүмкин. Екиншиден, инвестиция ҳәрекети субъектлери болып инвесторлар емес, бәлким буйыртпашылар, жумысты әмелге асырыўшы орынлаўшылар, инвестиция ҳәрекети объектлеринен пайдаланыўшылар ҳәм инвестиция процессин басқа қатнасыўшыларыда субъект болып есапланады.

М.Е. Ковешников инвестиция ҳәрекетиниң әҳмийетли қәсийетлери сыпатында төмендегилерди атап көрсетеди:

---

[1] Андреев В.К., Степанюк Л.Н., Остроухова В.И. Правовое регулирование предпринмательской деятельности. Учебное пособие. М., 1996. 32-бет.

[2] Чикулаев Р.В. Инвестиционная деятельность: организация и государственно-правовое регулирование: Учебное пособие/Перм. ун-т. Пермь, 2003. 7-бет.

- материаллық ҳәм материаллық емес байлықлар қәсийетине ийелик етиў;

- исбилерменлик ҳәрекети ҳәм басқа искерлик түрлери объектлерине қойылмалар киритиў барысында қарар қабыл етиўде иницативалық ҳәм ғәрезсизлик;

- сарыпланып атырған байлықларға инвестиция атағын бериўден ибарат[1].

Жоқарыда көрсетилген қәсийетлер инвестиция ҳәрекетине мәлим бир муғдарда тийисли. Бирақ соны айрықша айтып өтиў керек, материаллық емес байлықлардың барлығы кем инвестиция атағына ийе бола бермейди. Өмир, саламатлық ҳәм усы киби материаллық емес байлықлар инвестиция болып есапланбайды.

Соныда айтып өтиў керек, пайда алыўға қаратылған инвестиция ҳәрекети исбилерменлик ҳәрекети түри сыпатында киритилиўи мүмкин. Усы пикирди тийкарлаў мақсетинде инвестиция ҳәрекетин исбилерменлик ҳәрекети қәсийетлери (ғәрезсизлик, нызамлық, системалы, қәўиплилик, мүлклик жуўапкерлик ҳәм басқалар) менен салыстырыў мүмкин. Бундай анализдиң нәтийжесинде төмендеги жуўмаққа келинеди: инвестиция ҳәрекетине исбилерменлик ҳәрекети қәсийетлерине келеди, бирақ төмендеги парықланыўшы қәсийетлери буған тийисли емес:

- инвестиция ҳәрекетиниң мақсети пайда алыўдан тысқары унамлы нәтийжеге ерисиўи де есапланады;

- нызам инвесторға исбилермен сыпатында мәмлекет дизиминен өтиў бойынша талаплар коймайды.

Жоқарыдағылардан келип шығып, инвестиция ҳәрекети дегенде инвестордың жеке мәплерине, өз ықтыярының еркинлигине, инвестициялаў мақсетлерин ҳәм оған ерисиўдиң қуралларын таңлаўға тийкарланған ғәрезсиз ҳәрекетине айланады. Усы ҳәрекетиниң тийкарғы

[1] Ковешников М.Е. Правовое регулирование иностранных инвестиций в Российской Федерации. М., 2001. 9-бет.

мақсети болып жоқары муғдарда пайдаға ийе болыў ҳәм унамлы нәтийжеге ерисиў есапланады.

### 1.2. Инвестициялардың түри хәм формалары

Әмелдеги нызамшылыққа муўапық инвестицияларды шет ел инвестицияларынан парықлаў керек. Еки инвестициялар да төмендеги формаларда болады: әпиўайы инвестициялар; капитал қазылмалар формасындағы инвестициялар; финанс ҳәм қымбатлы қағазлар базарындағы инвестициялар. Әпиўайы инвестициялар капитал қазылмалар ҳәм эмиссион қымбатлы қағазларға киритилген қазылмалардан тысқары инвестициялардың барлық түрдеги формаларында болыўы мүмкин. Капитал қазылмалар формасындағы инвестициялар дегенде тийкарғы қураллар киритилетуғын инвестициялар, яғный жаңа кәрханаларды қурыў, ислеп турған кәрханаларды кеңейттириў, реконструкция қылыў ҳәм техникалық ислеў бериў машина, әсбап-үскенелер ҳәм инвентарлар сатып алыў хәмде басқа кәрежетлер ушын сарпланған инвестициялар түсиниледи. Финанс ҳәм қымбатлы қағазлар базарына инвестициялар киритиў мәселеси 2008 жыл 22 июльда қабыл қылынған Өзбекистан Республикасының “Қымбатлы қағазлар базары хаққында”[1]ғы Нызамы ҳәм басқа норматив ҳүжжетлер нормалары менен тәртипке салынады.

Ҳәзирги заман әдебиятында авторлар инвестициялардың түрли түрлери ҳаққында сөз жүритеди. Мәселен, үлкен юридикалық сөзликке портфел, туўры, реал, финанслық емес ҳәм интеллектуал инвестициялар түсиниклери берилген. Портфел инвестициялар – узақ мүддетли қымбатлы қағазларға қәрежетлер киритиў. Туўры инвестициялар дегенде тек белгили бир товарды ислеп шығарыўға, яғный кәрхананы сатып алыў, оны пайда етиў ҳәм кеңейттириў ушын сарпланған капитал қазылмалар хәмде

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 й., 29-30-сон, 278-модда; 2009 й., 39-сон, 423-модда, 50-51-сон, 531-модда; 2013 й., 1-сон, 1-модда

кәрхана үстинен дизим жүритиў менен байланыслы боған барлық түрдеги операциялар түсиниледи. Реал инвестициялар – материал ислеп шығарыў тараўына узақ мүддетке қәрежетлер киритиў муддатга маблађлар киритишдир. Финанслық емес инвестициялар – инвестиция жойбарлары, лицензия, ноу-хау, машина, әсбап-үскене, жер участкасы ҳәм басқа объектлер киритиў менен байланыслы болған пул формаға ийе болмаған инвестициялар. Интеллектуал инвестициялар – курсларда қәнийгелерди таярлаўға, лицензия ҳәм проектлерди усыныўға, өзара илимий изертлеўлар алып барыўға сарыпланған қәрежетлер[1].

Заманагөй экономикалық сөзликте де бир қатар инвестиция түрлериниң түсиниклери берилген. Жәмлеп қойылған инвестиция дегенде кәрхананың складында топланған тийкарғы ҳәм қосымша материаллар, таяр болмаған ҳәм таяр өнимлердиң муғдарын көбейтиў түсиниледи.

Портфел инвестициялар еки қәсийетке ийе:

1) қымбатлы қағазлар портфелин қураўшы қымбат қағазлар базарына киритилген инвестициялар;

2) инвестиция ийелерине кәрхананың үстинен дизим жүритиў имканиятын бермейтуғын аз муғдардағы инвестициялар.

Реал инвестициялар дегенде узақ мүддетке мөлшерленген шийки зат, өним ислеп шығарылыўға сарыпланған қәрежетлер түсиниледи. Финанслық инвестициялар – акциялар, облигациялар ҳәм басқа қымбатлы қағазларға қаратылған инвестициялар. Усы сөзликтиң авторлары инвестиция түсинигине төмендегише анықлама береди, яғный “инвестиция – бул өз мәмлекетинде ямаса шет ел мәмлекетинде түрли тараўларда искерлик жүритиўши кәрханаларға, исбилерменлик проект, социаллық-экономикалық бағдарламаларға, инновациялық проектке узақ мүддетке капитал киритиў. Усы қазылмалар киритилген ўақыттан баслап бираз

[1] Большой юридический словарь / Ред. – А.Я.Сшхарев, В.Д.Зорькин, В.Крштеник. М., ИНФРА - М, 1998. 246-бет.

мүддет өткеннен кейин өз нәтийжесин берди”[1]. Инвестиция түрлери арасында авторлар мәмлекет инвестицияларына (мәмлекет қәрежетлери, мәмлекет финанс дереклери есабынан), шет ел инвестицияларына (шет ел инвесторлары, басқа мәмлекетлер, шет ел банклери, компаниялары, исбилерменлери тәрепинен пуқаралар қәрежетлери есабынан пайда болған), ислеп шығарыў инвестицияларына (жаңа кәрханаларды қурыўға, ҳәзирде искерлик жүритип атырған кәрханаларды реконструкция қылыў, кеңейтиў ҳәм техникалық ислеў бериўге бағдарланған), интеллектуал инвестицияларға (интеллектуал ҳәм мәнаўий өнимлерди жаратыўға сарыпланған), баклаў қылынатуғын инвестицияларға (компанияның даўыс бериўши акциялардың 50%и жоқары болған бөлимге ийелик қылыў ҳуқықын бериўши) ажыратады.

Пикиримизше, инвестициялардың табыслы классификациясы Н.А. Бланк тәрепинен әмелге асырылған. Қосымшалар киритиў объекти бойынша реал ҳәм финанслық инвестицияларға, инвестицияларда қатнасыў қәсийети бойынша туўры ҳәм туўры болмаған инвестицияларға, инвестиция қылыў дәўири бойынша узақ мүддетли ҳәм қысқа мүддетли инвестицияларға бөлинеди. Мүлкшилик формасы бойынша қосымша, шет еллик, мәмлекетке тийисли ҳәм жеке инвестициялар, аймақлық қәсийети бойынша шет елде жайластырылған инвестициялар ҳәм мәмлекет аймағында жайласқан инвестициялар болады. И.В. Сергеев ҳәм Н.И. Веретенниковалардың пикири бойынша улыўма ҳәм жеке дүзилисли инвестициялар болады[2]. Усы авторлар улыўма дүзилисли инвестицияларды реал ҳәм портфел (капитал пайда қылыўшы ҳәм финанслық) инвестицияларға ажыратады. Жеке дүзилиске ийе инвестициялар болса капитал қойылмалардың дүзилисине қарап бөлинеди (технологиялық, тармақлық, аймаклық).

---

[1] Райэберг Б.А., Лазавский Л.Ш., Старадшбаез Е.Б. Современный экономический словарь. М.: ИНФРА – М, 1999. 128-бет.

[2] Сергеев И.В., Веретенникова Н.И. Организация и финансирование инвестиций. Учебное пособие. М.: Финансы и статистика. 2001. 15-17 бетлар.

Н.В. Игошин тек инвестициялардың еки түрин көрсетеди: реал ҳәм финанслық инвестициялар. Реал инвестициялар дегенде ислеп шығарыўдың тийкарғы қуралларына, хожалык искерлигиниң объектлерине (жаңа ислеп шығарыў объектлерин қурыў, әмелде искерлик көрсетиўши кәрханаларды реконструкция қылыў, кенейттириў ҳәм техникалық қайта ислеў бериў) капитал қойылмалар киритиў түсиниледи.

Реал инвестициялар бойынша автор оларды мәмлекет ҳәм жеке инвестицияларға ажыратады. Бул бойынша пайда көриў (мәмлекет инвестициялары тийкарынан ислеп шығарыўдың, социаллық тараўдың кем пайда келтириўдиң ҳәм дотацияға байланыслы болған тармақларға жөнелтиреди) ҳәм финанслық дереги (мәмлекеттеги – салықлар, ишки ҳәм сыртқы қарызлар, мәмлекет кәрханасының хожалык искерлигинен алынған пайдалар, таза пул белгилерин шығарыў; жеке – амортизация ажыратпалары, бөлекленбеген пайда, енгизилген кредитлер ҳәм қымбатлы қағазлар шығарыў) классификация қылыў белгиси болып хызмет қылады. Финанслық инвестициялар дегенде пайда алыў имканиятын бериўши акция, облигация ҳәм басқа қымбатлы қағазларға қәрежет киритиў түсиниледи[1].

Америкалик илимпазлар Ш.Ф. Шарп, Г.Дж. Александер, Дж.В. Бэйли инвестициялардың еки түрин финанслық ҳәм реал инвестицияларды ажыратады. “Реал инвестициялар (real investments) материаллық тәрептен сезилетуғын активлерге, яғный жер, әсбап-үскенелер, заводларға киритилетуғын инвестициялар түсиниледи. Финанслық инвестициялар (financial investments) - әпиўайы акция ҳәм облигация сыяқлы қағазларға жазылған контрактлер нәзерде тутылады”. Авторлар финанслық инвестициялар дегенде қымбатлы қағазларды нәзерде тутады[2].

[1] Игошин Н.В. Инвестиции. Шчебник. М.: ЮНИТИ, 2001. 81-бет.
[2] Шарп Ш.Ф., Александрер Г.Дж., Бэйли Дж.В. Инвестиции. М., 2003. 1-2 бетлар.

Финанс, пуқаралык ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықларда берилген анықламаларды үйренип шығып, инвестиция формалары ҳәм түрлерин классификация қылыўға ҳәрекет қылып көремиз.

Бизиңше инвестиция формалары болып төмендегилер есапланады: әпиўайы инвестициялар, капитал қазылмалар формасындағы инвестициялар, финанслық инвестициялар.

Әпиўайы инвестициялар – бул мәмлекет, физикалық ҳәм юридикалық шахслар тәрепинен өз мал-мүлклеринен пайда алыў ямаса жақсы нәтийжеге ерисиў мақсетинде басқа пуқараларға, шөлкемлерге, шет мәмлекетлерге усыныс етиў.

Финанслық инвестициялар – бул мәмлекет, физикалык ҳәм юридикалық шахслар тәрепинен өз мал-мүлклерин инвесторға пуллық яки басқа материаллық сыйлык алыў ҳуқықын бериўши эмиссион қымбатлы қағазларды сатып алыў мақсетинде басқа пуқараларға, шөлкемлерге, шет мәмлекетлерге усыныс етиў.

Капитал қойылмалар формасындағы инвестициялар – бул мәмлекет, физикалык ҳәм юридикалық шахслар тәрепинен өз мал-мүлклеринен пайда алыў ямаса жақсы нәтийжеге ерисиў ушын тийкарғы қуралларға сарыплаў мақсетинде басқа пуқараларға, шөлкемлерге, шет мәмлекетлерге усыныс етиў.

Соны айтып өтиў тийис, жоқарыда пикир етилген инвестиция формалары шет ел инвестицияларына емес, бәлким миллий инвестицияларға байланыслы.

Инвестиция түрлери хаққында айтатуғын болсак, пикиримизше инвестицияны классификация қылыў, төмендеги себеплер бойынша әмелге асырылады: инвестиция искерлиги субъекти, инвестиция искерлиги мақсети, инвестиция қылыў тараўлары, инвестиция муғдары, инвестиция қылыў мүддети ҳәм басқалар.

Инвестиция искерлиги субъекти бойынша мәмлекет инвестицияларына (мәмлекет бюджети қәрежетлери есабынан) ҳәм жеке

инвестицияларға (пуқаралардың ҳәм юридикалық шахслардың қәрежетлери есабынан инвестиция қылыў) бөлинеди.

Инвестиция қылыў тараўы бойынша экономиканың мәлим тараўына ямаса басқа искерлик түрине бағдарланған инвестицияларды келтирип өтиў мүмкин: аўыл хожалығы, автомобиль ислеп шығарыў, капитал қурыў, ден-саўлықты саклаў, почта хызмети, экономиканың басқа тараўларына да мәмлекет, шөлкем, пуқаралардың искерлик түрлерине бағдарланған инвестициялар.

Юридикалық шахс искерлигин басқарыў ушын сарыпланған инвестиция бағдары бойынша туўры инвестициялар ҳәм туўры болмаған инвестицияларды келтириў мүмкин. Туўры инвестициялар дегенде юридикалық шахс искерлиги үстинен қадағалаў жүритиў (хожалық ширкетлери ямаса жәмийетлери үлесиниң, әпиўайы акциялардың 50% нен жоқары болған бөлимине ийелик қылыў) мақсетинде мәмлекет, шөлкем, пуқаралар тәрепинен өз мал-мүлкин сарыплаў нәзерде тутылады. Туўры болмаған инвестициялар болса - юридикалық шахс искерлиги үстинен бақлаў жүритиўден парықлы түрде басқа мақсетлерге  мал-мүлкти сарыплаў.

Инвестиция қылыў мақсети бойынша пайда алыўға бағдарланған инвестициялардан (пайдалы инвестициялар) басқа социаллық пайдалы нәтийжеге ерисиў ушын бағдарланған инвестицияларды (социаллық инвестициялар) ажыратыў керек. Экономиканың белгили тараўларын раўажландырыў ушын дотация ажыратыў, мәмлекет напақаларын төлеў, бюджет қәрежетлери есабынан студентлердиң тәлим пулын төлеў – бул пайда алыў ушын емес, бәлким социаллық пайдалы мақсетлерге ерисиў ушын мөлшерленген болады.

Бизиңше, инвестиция киритиў бойынша инвестиция проектиниң бар ямаса жоқ екенлигине қарап проектлестирилген инвестициялар ҳәм проектлестирилмеген инвестицияларды ажыратыў мүмкин.

Биринши бап бойынша төмендеги жуўмақларға келинди:

Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамының 2-статьясында инвестициялар - экономикалық ҳәм басқа искерлик объектлерине киритилетуғын материаллық ҳәм материаллық емес затлар жәнe оларға тийисли ҳуқықлар деп анықлама бериледи.

Инвестиция искерлиги дегенде инвестордың жеке мәплерине, өз қәлеген еркинлигине, инвестиция қылыў мақсетлерин ҳәм оған ерисиўдиң қуралларын таңлаўға тийкарланған еркин искерликке айтылады. Усы искерликтиң тийкарғы мақсети болып жоқары муғдарда пайдаға ийе болыў ҳәм жақсы нәтийжеге ерисиў есапланады.

Бизиңше инвестиция формалары болып төмендегилер есапланады: әпиўайы инвестициялар, капитал қойылмалар формасындағы инвестициялар, финанслық инвестициялар.

Инвестиция түрлери ҳаққында айтатуғын болсақ, инвестицияны классификация қылыў төмендеги себеплер бойынша әмелге асырылады: инвестиция искерлиги субъекти, инвестиция искерлиги мақсети, инвестиция қылыў тараўлары, инвестиция муғдары, инвестиция қылыў мүддети ҳәм басқалар.

# II-БАП. ҚАМСЫЗЛАНДЫРЫЎ ШӨЛКЕМЛЕРИНИҢ ИНВЕСТИЦИЯ ИСКЕРЛИГИ

## 2.1. Қамсызландырыў шөлкемлериниң финанслық ресурслары ҳәм инвестиция искерлиги

Қамсызландырыў ҳәм инвестиция искерлигиниң бир-бири менен байланыслылығын жәхән тәжирийбесин үйренип шыққаннан соң бир жуўмаққа келиў мүмкин.

Улыўма ислеп шығарыў тоқтаўсызлығын, үзликсизлигин ҳәм бир нормада болыўын тәмийинлеўде қамсызландырыў хызметиниң орны жүдә әҳмийетли. Қамсызландырыў хызметиниң нәтийжелилиги соннан ибарат, қамсызландырыў шөлкемлери өз қамсызландырыў фондында киритилген ҳәм ўақтынша тийкарғы пул қәрежетлерин инвестиция искерлигине сарыплаў менен мәмлекет экономикасын раўажландырыў бойынша өз үлесин қосады.

Қамсызландырыўшылардың инвестиция искерлигиндеги қатнасы Англияның Чартер қамсызландырыў институтының мийнетлеринде ең толық формада ашып көрсетилген. Соның менен бир қатарда, Дэвид Бланд тәрепинен жазылған ҳәм рус тилине аўдарма қылынған "Қамсызландырыўдың принциплери ҳәм әмелияты" мийнетинде өз сәўлелениўин тапқан.

Қамсызландырыў шөлкемлери өз ерклеринде жүдә үлкен пул қәрежетлерине ийе. Бул қәрежетлер қамсызландырыў сыйлығы келип түскен ўақыттан баслап қамсызландырыў қапламын төлеў бойынша арза келип түспегенге шекем болатуғын ўақыт даўамында жүзеге келеди. Мәселен, қамсызландырыў сыйлығы январь айында төленген болса, қамсызландырыў қапламын төлеў бойынша арза болса декабрь айында келип түсиўи ямаса улыўма келип түспеўи де мүмкин. Бул ўақыт

даўамында қамсызландырыў шөлкеми келип түскен пул қәрежетлерин инвестиция сыпатында қолланыўы мүмкин.

Қамсызландырыў шөлкеми тәрепинен барлық қамсызландырыў хызметлерин әмелге асырыў арқалы келип түскен пул қәрежетлери сол шөлкемниң финанслық ресурсларын пайда қылады.

Қамсызландырыўшылардың финанслық ресурслары халық хожалығының басқа тараўдағы шөлкемлерге қарағанда жүдә қурамалы структураға ийе, себеби қамсызландырыў шөлкеминиң финанслық жағдайы қамсызландырыў қылдырыўшылардың есабына байланыслы. Соның менен бир қатарда, қамсызландырыў шөлкемлери қамсызландырыў қылдырыўшыларды қамсызландырыў қорғаўы менен тәмийинлеўи тийис.

Жоқарыдағылардан келип шыққан ҳалда соны айтыў мүмкин, ҳәзирги ўақытта қамсызландырыў шөлкеминиң финанслық потенциалы деген түсиник пайда болды. Бунын негизинде қамсызландырыў шөлкеминин хожалық айланбасында болған ҳәм онын пүткил искерлигин тәмийинлеў ушын қолланылатуғын финанслық ресурслары түсиниледи. Усы түсиникке тийкарланып қамсызландырыў шөлкеминиң финанслық потенциалы структурасы пайда болды.

Қамсызландырыў шөлкеминиң финанслық потенциалы еки тийкарғы бөлимнен ибарат – жеке капитал ҳәм киритилген капитал. Буның үстине киритилген капитал белгили бир дәрежеде жеке капиталдан үстин. Бул тармақ спецификасы шәртлери.

Қамсызландырыў операцияларының өткизилиўи қамсызландырыў сыйлығын жәмлеўди көзде тутады, қамсызландырыў фонды барлық қатнасыўшылардың төлеў жыйындысы қамсызландырыўшы тәрепинен тек ғана олардың ишиндеги айырымларына ғана қамсызландырыў төлеминиң төлениўи бақланады. Солай етип қамсызландырыў шөлкеминиң искерлиги пул фондларын дүзиўге тийкарланады, усы пуллар қамсызландырыў қылдырып атырғанлардың қамсызландырыў сыйлығы формасында түскен қурал дереклери есапланады. Олар қамсызландырыўшыға қараслы емес.

Бул қураллар ўақтыншалық, қамсызландырыў шөлкеми менен дүзилген шәртнама тамамланғанға шекем қамсызландырыў шөлкеми қарамағында болады, кейин болса ямаса қамсызландырыў суммасын төлеўге, ямаса пайда базасына айландырылады (егер шәртнама ўақтында зыян көрилмеген болса), ямаса шәртнама шәртлеринен келип шыққан халда бир бөлеги қамсызландырыў қылдырыўшыға қайтарылады.

Мәлим бир ўақыт өткеннен кейин бул қураллардың қамсызландырыўшы пайдасына айланыўы имкәнияты, "киритилген пайда" яки "киритилген капитал" деген анықламаларды дурыслығына тийкарланады. Олар қамсызландырыўшы тәрепинен ўақтынша, тек ғана инвестициялық дерек сыпатында қолланылыўы мүмкин.

Киритилген капитал қәрежетлер қамсызландырыў шөлкеминиң искерлигин жүритиў ушын сарып қылған қәрежетлерди қаплаўға қолланылады. Ири қәуип-қәтерлерди қамсызландырыў қылыў процессинде қамсызландырыў шөлкеми өзинин төлеў қәбилетин сақлаў мақсетинде қайта қамсызландырыў механизминен пайдаланыўы тийис. Қайта қамсызландырыў қорғаўына ийе болыў қайта қамсызландырыў сыйлық төлемин төлеўге тийкарланған, бул және киритилген капитал есабына да әмелге асырылады. Соның менен бирге пул ағымы жолының терис каналын да байқаўымыз мүмкин.

Қамсызландырыў шөлкеми мәлим бир көлемидеги жеке капиталына ийе болыўы керек. Қамсызландырыў шөлкеминиң жеке капиталы муғдарын лицензиялаў ўақтында қамсызландырыў искерлигин қадағалаў органлары тәрепинен норматив хүжжет пенен белгиленеди. Соның ушын орнатылған капиталдың минимал норматив дәрежеси қамсызландырыўшының келешектеги мажбүриятларын төлем қәбилетин сақлап қалыў функциясын атқарады.

Қамсызландырыў компаниясын шөлкемлестириўде жеке капиталдың қәлиплесиўиндеги биринши фунадмент болатуғын факторы бул устав капиталыдур, қайсыдур өз искерлиги даўамында хәр түрли дереклер

(пайда, мақсетли финансластырыў, эмиссион пайда ҳәм басқалар) жәрдеминде өз есабын көбейтеди. Қамсызландырыў компаниясы жеке капиталының қәлиплестириўдеги екинши фактор – бул инвестиция искерлигидур, оның мақсети пул қәрежетлерин жайластырыў ҳәм мәлим бир инвестиция пайдасын қолга киритиўдур.

Қамсызландырыў бизнесин шөлкемлестириўдиң анық қәсийети бул мәлим бир мақсетке ийе өзине сәйкес финанслық фондлары барлығыдур. Бундай фондларды ташкил қилиў белгили бир тараўға тийисли спецификаға ийедир.

Қамсызландырыў компаниясы шәртнама бойынша жыйналып атырған қамсызландырыў премиялардың тек ғана жүклеў есабына формаланған бөлегин ғана ис жүргизиў ушын қолланыў мүмкин. Премияныңн тийкарғы бөлеки (нетто) болса қамсызландырыў пулын таңлаў ушын алып қойылады. Ол қамсызландырыўшының шәртнама бойынша тийкарғы мажбүриятларының орынланыўын тәмийинлейди ҳәм тек ғана қамсызландырыў ўакыясы жүз бергенде ғана ислетиледи. Сол ўақытқа шекем нетто-премия жыйналып ҳәм резервке алынып қамсызландырыў компаниясының фондына айланады.

Бул фонд өз мазмуны бойынша қамсызландырыўшының жыйналған қамсызландырыў сыйлықларынан ибаратдур. Ол киритилген қәрежетлерден қәлиплескен болып зыянды қаплаў ўазыйпасын атқарады. Фонд элементлериниң қурамы ҳәм дүзилиси қамсызландырыў компаниясының қайсы қамсызландырыў искерлиги менен щуғылланыўына байланыслы.

Раўажланған қамсызландырыў базары шараятында, қамсызландырыў өнимлери ортасындағы конкуренция тарифте сақланған пайданы минимумластырған бир пайытта, қамсызландырыў шөлкеми ушын тийкарғы пайда дереги бул инвестиция искерлиги есапланады, ол қамсызландырыў фондындағы қәрежетлердиң бир бөлегин реклама мақсетиде ислетиў жолы менен өткизиледи. Қамсызландырыў

искерлигиниң мақсети хызмет көрсетиўи, инвестиция искерлигиниң мақсети болса пайда алыўы, соған қарамай олар бир бири менен байланыслы. Бир тәрептен, инвестиция искерлигиниң финанслық дереги бул қамсызландырыў фонды болса, басқа тәрептен инвестиция искерлигинен келип түскен пайда туўры яки басқа жол менен тариф орнатылғанда алдыннан көзде тутылады ҳәм соның менен бирге оның кемейиўине имканият жаратып береди және қамсызландырыў фондының көлемине тәсир етеди.

Қамсызландырыў фондының қәрежетлеринен пайдаланыўдың қәўип-қәтерлиги соннан ибарат, усы инвестиция искерлигине де тәсир көрсетиўи мүмкин.

Сол себепли, қамсызландырыў шөлкеминиң тийкарғы инвестиция ресурсларын қамсызландырыў резервлери қурайды. Бир тәрепинен қарағанда, қамсызландырыў шөлкеми қамсызландырыўшылар исенип тапсырған қамсызландырыў фонды қәрежетларин жайластырған ҳалда инвестиция процессинде дерек сыпатында ис алып барады. Екинши тәрептен болса, қамсызландырыў шөлкеми өзиниң жеке пул қәрежетлерин жайластырған ҳалда өз бетинше инвестиция институты сыпатында жумыс алып барылады.

Қамсызландырыў шөлкемлери қурамынан үлкен муғдардағы финанслық ресурслардың топланыўы, оларды экономиканың раўажланыўында әҳмийетли орын тутыўын көрсетеди. Қамсызландырыў қылыўшылар тәрепинен финанс ресурсларының топланыўы қамсызландырыўды актив инвестициялық сиясат жолы менен экономиканың тийкарғы факторына айланады. Басқаша сөз бенен айтқанда, қамсызландырыў түрли полис ийелеринен алынған пассив пул қәрежетлерин финанс базарында ҳәрекет қылыўшы актив капиталга айландырады.

Инвестиция нәтийжелилиги тийкарынан инвестицияны қайсы тараўға жайластырыўға ҳәм инвестицияларды қайсы бағдарда қолланыўға

байланыслы. Экономикалық өсиў биринщиден, инвестиция муғдарыңа, екинщиден оның нәтийжелилигине байланыслы.

Пул қәрежетлердиң түсими пайда алыў ямаса нәтийжелик ушын көшпес мүлк сатып алыў, қымбат баҳа қағазлар ҳәм басқа ликвидсиз активлерди алыўға бағдарланады. Инвестиция искерлиги тийкарынан узақ мүддетли капитал шегирмелери менен үзликсиз байланыслы болады. Базар экономикаси шараятында инвестиция қурамы өзине инвестиция искерлигиниң еки тәрепин алады: ресурслар қәрежети ҳәм натийжелер алыў. Инвестиция искерлигиниң мақсети пайда алыў болып, ол егер пайда келтирмесе онда пайдасыз есапланады. Тап сол базар қатнасықлары инвестиция машқалалары сыпатында жүзеге келеди.

Инвестициядан алынатуғын түсим қымбат баҳа қағазларды сатыў түсими ҳәм акционерлер капиталын басқа компанияларда қатнасыўы ҳәм басқа компанияларды қымбат баҳа қағазлардан қарызы сондай-ақ, тийкарғы капиталлар, сатыўдан түскен салықлардан ибарат.

Инвестиция искерлиги анализи капитал шегирмелери исенимлилиги жолын, компаниялардың келешектеги искерлиги өзгериси имканиятлары ҳәм бизнес сиясатында өзгерислерин көрсетиўи мүмкин болады. Инвестиция қәрежетлерини ҳәм оарды бағдарландырыўды төмендегилерге бөлиў мүмкин:

• компанияның өз қәрежетлери;

• киритилген қәрежетлер;

• ўақтыншалық бос турған қәрежетлер;

• қымбатлы қағазларға киритилген инвестициялар;

• көшпес мүлкке киритилген инвестициялар;

• банкка қойылған инвестициялар;

• кәрханаларға киритилген инвестициялар.

Қамсызландырыў искерлигинде усы нәтийжелер қамсызландырыў взнослары көринисинде қамсызландырыў компаниялары есап бетине келип түскен қәрежетлерди айланыўы есабынан пайда алыў имканияты жүзеге келеди.

Усы пайдалар қамсызландырыў компанияларын қамсызландырыў фондларды раўажландырыў арқалы қәрежетлер бөлегин қаплаў ҳәм пайда алыў дереги болып хызмет қылады.

Қамсызландырыў компаниялары қәрежетлерди айланыў усы нәтийжелери төмендеги көринисте болады:

**Пул қәрежетлари дереклери:**

• таза пайда;

• қамсызландырыў төлеми;

• қайта қамсызландырыў операциялары бойынша түсимлер;

• кешиктирилген қәрежетлер;

• бюджет ассигнованиясы ҳәм мақсетли финансластырыў;

• басқа қамсызландырыў искерлиги дереклери.

**Қолланылған пул қәрежетлери:**

• қамсызландырыў капламалары;

• қамсызландырыў запасларын раўажландырыў;

• қайта қамсызландырыў бойынша операциялар;

• ескертиў илажларын финансластырыў;

• жумыс ҳәм хызмет, қымбат баҳа материаллар алыў;

• басқа әмелге асырылатуғын бағдарларға.

Қамсызландырыў искерлигиниң күнделикли анализи пул қәрежетлери түсими арқалы өзине алып атырған миннетлемелер адективлилигин белгилейди. Қамсызландырыў компаниялары айрықша қамсызландырыў түрлерин раўажланыўын өсиўди баҳалаў мақсетинде раўажландырыўдың стратегиялық дәстүрлери тийкарын ислеп шығады.

Қамсызландырыў компаниялары онша үлкен болмаған түрли төлемлерден жыйналған ҳәрекетин активлестиреди, олардың бул искерлиги болса инфляция өсиўин кемейтирип экономикаға турақландыратуғын тәсир көрсетеди. Қамсызландырыў жумысы раўажланыўына қарап, оның инвестиция имканияты, республика экономикасының үстинги ҳәм нәтийжели тараўларына кирис киритиў имканиятын асырады.

Қамсызландырыў қағыйдаларында көзде тутылған қамсызландырыў ўақыясы жүз бериў итималлығы әдетте бир жыл тийислилигинен келип шығады. Бул жағдай қамсызландырыўшының инвестиция кирисиниң ири дерегине айланыстың объектив шәрт-шараяты есапланады.

Қамсызландырыў компаниялардың инвестиция имканияты олардың өз капиталы салығы ҳәм қамсызландырыў фондлары жыйындысы, ҳәм компания қанша базарда ҳәрекет қылса, сонша инвестиция қурамы қарсы бөлеги көп боады. Кем пул қәрежетлери түсими аккумулляция қәбилети ҳәм олардың консолидар муғдары экономикасын раўажландырыў арқалы қамсызландырыў компаниясын күшли институционал инвесторға айландырады.

Қамсызландырыў компаниясы инвестиция имканиятларын төмендеги факторлар белгилейди:

1. Клиентлер саны ҳәм қамсызландырыў сыйлыги көлемине байланыслы болған ўақтыншалық тийкарғы қәрежетлер көлеми;

2. Мүддетлер, яғный бул ўақыт даўамында усы қәрежетлерден пайдаланыў мүмкин болады.

Қамсызландырыў компаниясы инвестициялық портфель системасы, оның финанслық турақлылығын тәмийинлеўи тийис ҳәм ол әдетте қамсызландырыў қадағалаўы нормалары менен белгиленеди. Онда қамсызландырыў фондларының ўақтыншалық тийкарғы турған қәрежетлерин жайластырыў тәртиби белгиленген, мәмлекет тәрепинен қамсызландырыў инвестицияларының мәлим бир қорғаўы тәмийинленген ҳәм қамсызландырыў инвестициясының анықланған үстинлиги белгиленген болар еди.

## 2.2. Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин шөлкемлестириўдиң принциплери

Қамсызландырыў хызметин көрсетиў процесслериниң басқа исбилерменлик түрлеринде болатуғын процесслерден принципиал парқы сонда, әпиўайы кәрхана ҳәм өним ислеп шыгарыўды жолға қойыў ушын қәрежет сарып қылады ҳәм өним сатылғаннан соң клиенттен оның хақын алады. Бирақ, қамсызландырыў хызметинде бул процесс улыўма басқа түске ийе. Қамсызландырыўда болса клиент қамсызландырыў хызметинен пайдаланыў ушын қамсызландырыў сыйлығын банк түринде алдыннан, яғный қамсызландырыў шәртнамасының әмел қылыў мүддетиниң басланыўынан таңлайды. Қамсызландырыўшы тәрепинен қамсызландырыў хызметин көрсетиў болса узақ мүддет даўамында әмелге асырылыўы мүмкин.

Қамсызландырыў хызметин көрсетиў усы қәсийетин көрсетиўде еки жуўмаққа келиўи мүмкин. Биринshиси, қамсызландырыўдағы финанслық ресурслардың ҳәрекети соған алып келеди, мәлим мүддет даўамында

қамсызландырыўшының қарамағында миннетлемелерден ўақтынша тийкарғы қәрежетлар топланады ҳәм оларды қосымша пайда алыў мақсетинде инвестиция қылыў мүмкин. Екиншиси, қамсызландырыўшылар инвестиция қылыўы мәмлекет тәрепинен қатты тәртипке салыўы тийис, себеби клиентлер өзи толаған қәрежетлеринен қамсызландырыў шөлкеми өнимли тәрзде пайдалананып атырғанлығы қадағалаўға имканиятлары бар емес.

Қамсызландырыўшылардың қарамағында бираз муғдарда пул қәрежетлердиң топланыўы актив инвестиция сиясатын алып барыў арқалы экономиканы раўажландырыў бойынша қамсызландырыў хызмети әхмийетли фактор болып есапланады. Басқаша қылып айтқанда, қамсызландырыўшылар түрли полис ийелеринен түскен тийкарғы пул қәрежетлерини базарда ҳәрекетте болыўшы актив капиталға өзгертеди. 1989 жылы Европа, Япония ҳәм АҚШ мәмлекетлариниң қамсызландырыў компаниялари 4000 млрд. АҚШ доллары муғдарындағы киритилген қәрежетлерин басқарып барған. Сонысы итибарға ылайык, қамсызландырыў компанияларының инвестиция фондлары ҳәр дайм көбейип бармақта. Бул болса қамсызландырыў компаниялары инвестиция искерлигин тәртипке салыў тийислигин билдиреди. Сонын менен бирге, тәртипке салыўда миллий қамсызландырыў базарының өзгешеликлерин итибарға алыў керек ҳәм компаниялар ортасындағы турақлылықты белгилеўши әмелдеги қағыйдаларды бузбаўы керек.

Өзбекстан Республикасының аймағында барлық түрдеги инвестиция искерлигин әмелге асырыў тийкарын Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамы курайды. Усы нызамның 2-статьясына муўапық инвестиция искерлиги – инвестиция искерлиги субъектлериниң инвестицияларды әмелге асырыў менен байланыслы ҳәрекетлери жыйындысы. Инвестициялар дегенде экономикалық ҳәм басқа искерлик объектлерине киритилетуғын материаллық ҳәм материаллық емес затлар хәмде оларға тийисли ҳуқықлар түсиниледи.

Усы Нызамның 6-статьясының екинши бөлегине бөлимине муўапық пайда етилиўи пайдаланыўы нызам хүжжетлеринде белгиленген санитария-гигиена, радиация, экология, архитектура-қала қурылысына тийисли ҳәм басқа талапларға жуўап бермейтуғын, юридикалық ҳәм физикалык шахслардың жағдайларын хәмде нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузылатуғын объектлерге инвестиция киритиў кадағаланады.

Инвестиция искерлиги субъектлери ортасындағы өз-ара қатнасықларды тәртипке салыўшы тийкарғы ҳуқықый хүжжет болып олар ортасында дүзилетуғын шәртнама хызмет қылады. Соның менен бир қатарда, қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин тәртипке салыўды жолға қойыў ҳәм қамсызландырыўшыларға жалғыз қағыйдаларды белгилеў мақсетинде қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлиги хаққындағы Реже жойбарын ислеп шығыўы тийис.

Қамсызландырыў искерлигиниң өзине тән қәсийетлеринен келип шыккан жағдайда жокарыда келтирилген Нызамнан тысқары Өзбекстан Республикасының “Қамсызландырыў искерлиги хаққында”ғы Нызамында да бир қатар нормалар бар. Бирақ, “Қамсызландырыў искерлиги хаққында”ғы Нызамда инвестиция искерлиги нормалары толық көрсетип берилмеген. Сонын менен бирге, қамсызландырыў шөлкемлеринин ўақтынша тийкарғы пул қәрежетлерин жайластырыў бойынша да норма бар емес. Сол себепли, қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлиги хаққындағы Реже проектине төмендеги норманы киритиў тийис: “Қамсызландырыўшылар өзиниң ўақтынша тийкарғы пул қәрежетлерин диверсификация, қайтарыў, пайда келтириў ҳәм ликвидлик шәртлери тийкарында жойластырыўы тийис”. Себе би, бул принциплер дүнья әмелиятында улыўма тән алыңған. Сол себепли, оларға толық тоқтап өтиў керек.

Қәрежетлерди қайтарыў принципи (ямаса шет елде қабыл етилген терминология бойынша “кепилленгенлик принципи”) қамсызландырыў

резервин қаплаўшы активлерге ҳәмде тийкарғы активлерге қолланады. Усы принцип активлерди толық муғдарда қайтыўын тәмийинлеў мақсетинде оларды жүдә исенимли түрде жайластырыўды нәзерде тутады.

Ликвидлик принципи – бул қойылмадардың улыўма структурасы сондай болыўы керек, онда ҳәр дайым ликвид қәрежетлер бар болыўы ямаса ликвид қәрежетлерге тез айландырыў мүмкин болған капитал қойылмалар болыўы керек. Басқаша сөз бенен айтқанда, белгиленген мүддетлерде шәртнамада көрсетилген суммаларды қамсызландырыў қылдырыўшыға төлеп бериўди тәмийинлеўши пул қәрежетлери қамсызландырыў шөлкеминиң еркинде болыўы тийис.

Қойылмаларды диверсификация қылыў принципи хәр бир инвесторды қысымға алыўшы инвестициялық қәўип-қәтерлерди қойылмалардың ҳәр қыйлы түрлерине жайластырыўға хызмет қылады. Буның менен қамсызландырыў шөлкеминиң инвестициялық портфелин жоқары дәрежедеги турақлылығын тәмийинлейди. Усы принципке муўапық мәлим бир ойылманың басқа қойылмалардан үстинлик қылыўына жол қойылмайды. Капиталды жайластырыў системасы бир тәреплеме болмаўы тийис. Себеби, барлық қәрежетлерди бир қарыздардың еркине берип қойыўдан узақласыў керек.

Қойылмаларды пайда келтириў принципи (ямаса “рентабеллик принципи”) дегенде капитал қойылмаларды жайластырыў базарында жағдайды үйренген жағдайда активлерди жоқарыдағы принциплерге әмел қылған жағдайда жайластырыў хәмде бәрқулла жүдә жоқары муғдарда пайда келтириў тийислигин аңлатады. Басқа сөз бенен айтқанда, қамсызландырыў шөлкемлери өзиниң инвестиция искерлигин алып барыў даўамында қойылмалардың жокары дәрежеде рентабеллигин тәмийинлеў керек. Соның менен бирге, керек болғанда қамсызландырыў шөлкемлери жайластырған активлерин аңсат ҳәм тез қайтарып алыўлары керек.

Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин басқарыўда тийкарғы мақсетлеринен бири, бул - өз инвестиция искерлигинен дурыс

ҳәм ақылға уғрас пайдаланыўды басқарыў арқалы нәтийжеге ерисиў. Буның ушын қамсызландырыў шөлкеминиң инвестиция бағдары төмендеги талапларға жуўап берили тийис:

• қамсызландырыў шөлкеми инвестиция портфелиниң турақлылығын тәмийинлеўи шәрт. Инвестиция бағдары оның исенимли болыўы арқалы қамсызландырыў шөлкеминиң турақлылығын ҳәм конкуренцияға шыдамлылығын арттырып барады;

• инвестицияның пайдалы ҳәм исенимли бағдарын тәмийинлеў қамсызландырыў шөлкеминиң тийкарғы мақсетлеринен биридур.

Инвестиция портфели нәтийжели бағдарландырыўда биринши нәўбетте төмендегилерге әҳмийет берили тийис:

- қамсызландырыў ҳәдийсесиниң жүз бериў ҳәм төлем миннетлемесиниң орынланыў итималлығы;

- инвестиция тәўекелшилигинде қамсызландырыў резервлерин жоғалтыў итималлығы.

Қамсызландырыў шөлкеминиң инвестиция бағдарындағы қамсызландырыў ҳәдийсеси итималлығы оның искерлиги өзгешелигинен келип шығады. Себеби, қамсызландырыў шөлкеми физикалык ҳәм юридикалық ҳәм физикалық шахслар өмири, ден-саўлығы ямаса мүлкке ийелик етиўине абайсыздан келтирген зыянды қаплаўды қамсызландырыў шартнамасы шәртлери тийкарында өз мойнына алады. Соның ушын инвестиция жобаластырылып атырған төлем мәжбүриятларының орынланыўы итималлығы тийкарғы факторлардан бири есапланады.

Қамсызландырыў портфели әмелиятында көзге тасланғанындай узақ мүддетли инвестиция, орта ҳәм қысқа мүддетли инвестицияға қарағанда көбирек пайда келтиреди. Узақ мүддетли инвестицияға көшпес мүлк саўдасы сыяқлылар, орта ҳәм қысқа мүддетли инвестицияларға акция, қымбатбаҳа қағазлар, банк депозитлери хәмде компания есап бетиндеги

ўақтынша тийкарғы қәрежетлер киреди. Бирақ соны есапқа алыў тийис, узақ мүддетли инвестициялар көп пайда келтирсе, орта ҳәм қысқа мүддетли инвестицияларды төлем миннетлемесин орынланыў зәрүрлиги пайда болғанында нақ пул формасына аңсат айландырыў мүмкин.

Екинши бап бойынша жуўмақларлар:

Қамсызландырыў шөлкеминиң тийкарғы инвестиция ресурсларын қамсызландырыў фондлары қурайды. Бир тәрептен қарағанда, қамсызландырыў шөлкеми қамсызландырыў қылдырыўшылар исенип тапсырған қамсызландырыў фонды қәрежетлерин жайластырған жағдайда инвестиция процессинде қурал сыпатында ис жүритеди. Екинши тәрептен болса, қамсызландырыў шөлкеми өзиниң жеке пул қәрежетлерин жайластырған жағдайда бийғәрез инвестиция институты сыпатында искерлик жүритеди.

Қамсызландырыў компаниялары онша үлкен болмаған түрли төлемлерден жыйналған кирис ҳәрекетин активлестиреди, олардың бул искерлиги болса инфляция өсиўин кемейтирип экономикаға турақландыратуғын тәсир көрсетеди. Қамсызландырыў жумысы раўажланыўға қарап, оның инвестиция имканияты, республика экономикасының үстңги ҳәм нәтийжели тараўларына кирис киритиў имканиятын асырады.

“Қамсызландырыў искерлиги хаққында”ғы Нызамда инвестиция искерлиги нормалары толығырақ ашып берилмеген. Соның менен бирге, қамсызландырыў шөлкемлериниң ўақтынша тийкарғы пул қәрежетлерин жайластырыў бойынша да норма бар емес. Сол себепли, қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлиги хаққындаги Реже проектине төмендеги нормани киритиўди усыныс етемиз: “Қамсызландырыўшылар өзиниң ўақтынша тийкарғы пул қәрежетлерин диверсификация, қайтарыў, пайда келтириў ҳәм ликвидлик шәртлери тийкарында орналастырыўы тийис”. Себеби бул принциплер дүнья әмелиятында улыўма тән алынған.

# III-Бап. ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ШӨЛКЕМЛЕРИНИҢ ИНВЕСТИЦИЯ ИСКЕРЛИГИН ҲУҚЫҚЫЙ ТӘРТИПКЕ САЛЫЎ

## 3.1. Қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыныўы

Ҳәзирги күнде даўам етип атырған дүньяжүзилик финанслық-экономикалық кризиси ўақтында Президентимиз И.А. Каримовтың мәмлекет бас реформатор болыўы тийислиги ҳаққындағы пикирлери жүдә әҳмийетли ҳәм орынлы. «Дүньяжүзилик финанслық кризисинен имканияты болғанша тез шығыў, оның ақыбетлерин жениллестириў көп тәрептен хар қандай мәмлекет көлеминде ҳәм улыўма, дүнья жәмийети көлеминде қабыл етилип атырған ис-шаралардың қаншелли нәтийжелилигине, олардың бир-бири менен бирлесиўине байланыслы. Ең әҳмийетлиси, асығыслық тәсирине түсип қалмас ушын өтиў дәўиринде тек мәмлекет бас реформатор сыпатында жуўапкершиликти өз мойнына алыўы зәрүрлигин биз өзимизге анық белгилеп алдық»[1].

Мәмлекет тәрепинен қамсызландырыў искерлигин тәртипке салыў базар экономикасында кеңнен қолланылады. Қамсызландырыў шөлкеми қамсызландырыў шәртнамасы бойынша жуўапкеришилк алып барады, яғный мәлим материаллық зыянларды ямаса пухаралардың өмиринде жүз берген белгили ўакыялар ақыбетинде жүзеге келген материаллық зыянларын қаплап бериў миннетлемесин өз мойнына алады. Мәмлекеттиң экономикалық өмиринде ҳәм пухаралардың өмиринде әҳмийетли ўазыйпаларды атқарғанлығы себепли қамсызландырыў мәселелерине айырықша итибар бериў тийис, себеби қамсызландырыў шөлкемлери

[1] И.А. Каримов. Жахон финанслық-экономикалық инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. Т.: Ўзбекистон, 2009. 6-7 бетлар.

тәрепинен өз миннетлемелерин орынламаў ақыбетинде пүткил жәмийет ушын қурамалы экономикалық ҳәм социаллық машқалалар алып келиўи мүмкин.

Қамсызландырыў базарын мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў, биринши гезекте - қамсызландырыўшылар искерлигин ҳуқықый нормаларын ислеп шығыў ҳәм қабыллаў, екинши гезекте болса - қамсызландырыў искерлигин мәмлекет тәрепинен қадағалаў арқалы әмелге асырылады.

Мәмлекет тәрепинен тәртипке салыўдың тийкарғы ўазыйпасы болып қамсызландырыў хызметинен пайдаланып атырған клиентлердин мәплерин қорғаў болып есапланады, себеби экономиканың басқа тараўларына қарағанда қамсызландырыў жумысы клиентлердиң қамсызландырыўшыларға болған исенимине тийкарланған.

Қамсызландырыў базарының турақлылығын тәмийинлеў мәмлекет тәрепинен тәртипке салыўдың тийкарғы мақсети болып есапланады. Сондай бағдарлардан бири қамсызландырыў шөлкеминиң финанслық турақлылығын тәмийинлеў бойынша қадағалаў орнатыў. Себеби, тек ғана бир қамсызландырыў шөлкеминиң банкротлыққа ушыраўы басқа қамсызландырыў шөлкемлерине финанслық қыйыншылықлар алып келеди. Бул болса, өз нәўбетинде, қамсызландырыў базарының турақлылығына зыян жеткизеди ҳәм қамсызландырыў бизнесине болған исенимин жоғалыўына алып келеди.

Қамсызландырыў шөлкемлериниң финанслық турақлылығына тәсир етиў факторларынан бири – бул инвестиция сиясаты. Инвестиция сиясаты қамсызландырыў шөлкеминиң финанслық ресурсларын көбейиўи бойынша қурал болыўы да қамсызландырыўшының банкротлыққа ушыраўына себепши болыўы да мүмкин. Сол себепли, мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў тараўында қамсызландырыў шөлкеминиң инвестиция искерлигин белгилеп алыў ҳәм қадағалаў айырықша орынды ийелейди.

Пикиримизше, инвестиция искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў төмендеги мақсетлерди өз ишине қамтыўы тийис:

бириншиден, инвестиция қылыў процесслери үстинен қадағалаў орнатыў арқалы қамсызландырыў қылыўшы ҳәм қамсызландырылған шахстың мәплерин қорғаў;

екиншиден, қамсызландырыў шөлкемлериниң финанслық ресурсларын көбейтиў имканиятын бериў мақсетинде инвестиция искерлигин әмелге асырыў ушын қолай шарт-шараятлар жаратыў арқалы қамсызландырыўшылардың мәплерин қорғаў;

үшиншиден, миллий экономика мәплери бойынша қамсызландырыў шөлкемлериниң қәрежетлеринен нәтийжели пайдаланыў арқалы мәмлекет мәплерин тәмийинлеў.

Қамсызландырыў базары мәмлекет экономикасының қурам бөлеги болып, оған ҳәм мәмлекет ишинде жүз берип атырған өзгерислер туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди. Сол себепли, мәмлекет тәрепинен экономикалық сиясат алып барылған ўақытта қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин белгилеп алыў зәрүрдур.

Мәмлекет тәрепинен қамсызландырыў базарында тәртипке салыў ҳәм қадағалаўдың тийкарғы объекти болып тек қамсызландырыў хызметин көрсетиўши – қамсызландырыў шөлкеми есапланады.

Қамсызландырыў хызметин көрсетиў тараўында нормалық хүжжетлерди ислеп шығыў ҳәм қадағалаў мәселелери менен тийкарынан орайлық ҳәкимият органлары шуғылланадыц. Мәселен, Япония ҳәм Францияда финанс министрлиги қасында, Уллы Британияда болса саўда министрлиги қасында қамсызландырыў мәселелери менен шуғылланыўшы арнаўлы бөлимлер шөлкемлестирилген.

АҚШда қамсызландырыў искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў мәселелери штатлар ҳүкиметиниң мойнына жүклетилген. Ҳәр бир штатда қамсызландырыў мәселелери менен қамсызландырыў департаментлери шуғылланады.

Өзбекстанда қамсызландырыў шөлкемлери искерлиги үстинен қадағалаўды әмелге асырыўшы мәмлекет органы болып Өзбекстан Республикасы Финанс министрлиги жанындағы қамсызландырыў қадағалаўшы мәмлекетлик инспекциясы есапланады. Бул инспекция қамсызландырыў қәтнасықлары барлық қатнасыўшылардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерин қорғалыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы аймағында жайласқан қамсызландырыў шөлкемлери искерлиги үстинен қадағалаўды әмелге асырады. Қамсызландырыўды қадағалаўшы мәмлекетлик инспекцияның искерлиги ушын ҳуқықый тийкар болып Өзбекстан Республикасының “Қамсызландырыў искерлиги хаққында”ғы Нызамы ҳәмде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1998 жыл 08 июлдаги 286-санлы “Қамсызландырыў искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў ис-шаралары хаққында”ғы қарары есапланады.

Әмелдеги қадағалаў системасының тәсиршеңлигине қарап үш системаны ажыратыў мүмкин: ашық система, норматив система ҳәм материаллық мәмлекетлик қадағалаўы системасыдур.

Ашық системада мәмлекет қамсызландырыў шөлкемлериниң мойнына турақлы түрде булхгалтериялық, финанслық ҳәм статистикалық есабатларын усыныў ҳәмде баспадан шығарыў ўазыйпасын жүклейди.

Норматив системада мәмлекет мәлим талапларға нызам статусын береди. Қадағалаўшы органның ўазыйпасы усы нормаларға әмел қылыўды қадағалаўдан ибаратдур.

Материаллық мәмлекет қадағалаўы системасы өз ишине ашық система ҳәм норматив системаның тийкарларында жәмлеген. Бул системада мәмлекет органлары қамсызландырыў шөлкемлери искерлиги үстинен тек ғана рәсмий тәрептен, бәлким материаллық тәрептен де қадағалаў алып барады. Жаңа шөлкемлестирилип атырған қамсызландырыў шөлкемлери бойынша мәмлекет органлары усы шөлкемлер тәрепинен усыныс етилген хүжжетлер ҳәм финанслық жобаны

хәр тәреплеме көрип шығады. Искерлик жүритип атырған қамсызландырыў шөлкемлери бойынша мәмлекет органы усы шөлкем тастыйықлаған жоба көлеминде ис жүртитиўди нәзерде тутыўы тийис. Усы системада қамсызландырыў қадағалаўы органларына басқа еки система менен тәртипке салынбаған мәселелерди үйренип шығыў ҳәм шешиў бойынша кең имканиятлар жаратып береди. Қадағалаў системасын, қадағалаў даўамлылығы ҳәм әмелге асырыў усылларын таңлаўда мәмлекет экономикасының реал жағдайынан ҳәм мәмлекеттиң қамсызландырыў тараўында арттырылған тәжирийбелерден келип шығыў тийис.

Қамсызландырыў базарында қатнасықлардың тез пәт пенен раўажланып кетиўине тосқынлық етиўши белгили бир машқалалардан бири болып Өзбекстан Республикасы қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин тәртипке салыўшы жалғыз бир норматив хүжжеттин бар емеслиги есапланады.

Өзбекстан аймағында хәр қандай инвестиция искерлигин жүритиў ушын ҳуқықый тийкар болып 1998 жыл 24 декабрде қабыл қылынған Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамы есапланады. Усы нызамның 2-статьясына муўапық инвестиция искерлиги – бул инвестиция искерлиги субъектлериниң инвестицияларды әмелге асырыў менен байланыслы ҳәрекетлери жыйындысы есапланады. Инвестициялар дегенде экономикалық ҳәм басқа искерлик объектлерине киритилетуғын материаллық ҳәм материаллық емес затлар хәмде оларға тийисли ҳуқықлар түсиниледи. Соның менен бир қатарда, усы нызамның 5-статьясында инвестиция ресурсларының толық дизими келтирилген.

Жоқарыда келтирилген нызамның 2-статьясына тийкарланып инвестор - бул өз қәрежетлерин, қарызга алынған ҳәм басқада қәрежетлерин, мүлкий байлықларын ҳәм оларға тийисли ҳуқықларын, сондай-ақ, интеллектуал мүлкке тийисли ҳуқықларын инвестиция искерлиги объектлерине инвестициялаўды әмелге асырыўшы инвестиция искерлиги субъектидур. Усы нызамның 7-статьясында инвестиция

искерлиги субъекти сыпатында юридикалық шахслар хәм болыўы анық белгиленген. Юридикалық шахслар қатарына банклер, қамсызландырыў шөлкемлери, инвестициялық институтлар ҳәм басқалар киреди. Инвестиция искерлиги төмендеги қәрежетлер есабынан әмелге асырылыўы мүмкин:

- Инвестордың жеке финанслық ресурслары ҳәм ишки фондлары (пайда, амортизациялар);
- Инвестордың киритилген финанслық қәрежетлери (акциялар сатыўдан келип түскен қәрежетлер; юридикалық шахслар, пуқаралар, мийнет жәмәәти ағзалары тәрепинен киритилген үлес ҳәм басқа киримлер).

Сол нәрсе әҳмийетли, Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамының 22-статьясына муўапық мәмлекет инвестициялардың қорғалыўына кепиллик береди. Өзбекстан Республикасында инвестициялар ҳәм инвесторлардың басқа активлери мәмлекет мүлкине айландырылмайды ҳәм реквизиция қылынбайды. Тек ғана тәбийий апатшылықлар, авариялар, эпидемиялар ҳәм басқа да айырықша қәсийетке ийе болған жағдайларда инвестициялар мәмлекет ҳәкимияты органының қарарына тийкарланып инвестордан оған инвестиция қылынған мал-мүлкиниң баҳасын анықлаған жағдайда нызам хүжжетлериндн белгиленген тәртипте ҳәм шәртлер тийкарында реквизиция қылыныўы мүмкин. Инвестиция искерлиги субъекти болған акциялар ҳәм басқа қымбатлы қағазлар, оның мақсетли банк аманатлары, сондай-ақ алынған мал-мүлк алып қойылған (реквизиция қылынған) жағдайларда олар баҳасы ямаса ижара төлемлери нызам хүжжетлерине муўапық қапланады (компенсация төленеди).

Соның менен бир қатарда, инвестициялардың қосымша кепилликлери ҳәм қорғаў шаралары ҳүкимет тәрепинен кепилликлер бериўди, инвестиция проектлерин финанслық тәмийинлеўде көмеклесиўди, арнаўлы салық ҳәм төлеў режими жаратылыўын, проектлер әмелге асырылыўының мәмлекет тәрепинен мониторинги жүртилиўи ҳәм

нызам хүжжетлерине муўапық басқа шараларды өз ишине алыўы мүмкин. Инвестициялардын қосымша кепилликлери ҳәм оларды қорғаў шаралары инвестиция искерлиги субъектлерине Өзбекстан Республикаси Министрлер Кабинетиниң қарарларына муўапық бериледи. Юридикалық ҳәм физикалык шахслардан киритилген қәрежетлерди инвестиция сыпатында қолланыўға рухсат берип, мәмлекет киритилген қәрежетлер қорғаўға алынғанлығына кепиллик береди.

## 3.2. Қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин ҳуқықый тәртипке салыўды жетилистириў мәселелери

Ҳуқықый принциплери дегенде жәмийетлик қатнасықларды ҳуқықый тәртипке салыўдың тийкарғы басшылыққа алынатуғын қағыйдалары түсиниледи. Ҳуқық принциплери барлық нызамшылықтың қурамында бар болып, оның әҳмийетли қәсийетлерин ашып береди. Соның ушын, ҳукықтың улыўма принциплерин анық билген жағдайда нызамшылық нормаларын дурыс  ҳәм анық қолланыў мүмкин.

Инвестиция тараўында жүзеге келиўши жәмийетлик қатнасықларды үйрениўге бағышланған юридикалық әдебиятларда хәмде инвестиция искерлигин тәртипке салыўшы арнаўлы нызамшылық актлери ҳәм норматив-ҳуқықый хүжжетлердеа және қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин ҳуққықый тәртипке салыўдың тийкарғы қағыйдалары анық түрде белгиленбеген.

Бизиңше, қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлигин ҳуқықый тәртипке салыўдың тийкарғы қағыйдаларын анықлап алыў ҳәм оны ислеп шығыў тийис болған жаңа Режеде сәўлелениўдириўдиң зәрүрлиги соннан ибарат, яғный норматив хүжжетлерде белгиленген принциплер тек инвестиция искерлиги тараўында әмелге асырылатуғын қатнасықларды тәртипке салыўда қолланылыўы мүмкин.

Сол себепли, егер қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлиги тараўындағы қатнасықлар анық ҳуқықый нормалар менен тәртипке салынбаған тәғдирде онда усы қатнасықларды тәртипке салыў ушын нызамшылықтың тийкарғы қағыйдалары, яғный принциплер қолланылады.

Миллий нызамшылық көлеминде инвестициялар комплекс түринде тәртипке салынады. Оның орны конституциялық, ҳәкимшилик, салық, бажыхана, пуқаралық, жер ҳәм басқа нызамшылық нормаларында өз сәўлелениўин тапқан.

Усы диссертация жумысы темасынан келип шыққан жағдайда қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин ҳуқықий тәртипке салыў бойынша пуқаралық ҳуқықы принциплерин енгизиў мәселелерин көрип шығамыз.

Инвестиция искерлигин әмелге асырыў тараўындағы пуқаралық-ҳуқықый принциплерин ажыратып алыў мақсетинде инвестиция искерлигин тәртипке салыўшы арнаўлы нызамшылық хүжжетлерине мүрәжет етемиз.

Өзбекстан Республикасының "Инвестиция искерлиги хаққында"ғы Нызамның 8-статьясында инвесторлар инвестиция искерлигин әмелге асырыўда тең ҳуқықларға ийе екенлиги нәзерде тутылған. Сол себепли, инвестиция искерлигин әмелге асырыў бойынша инвестиция искерлигиниң барлық субъектлерине қараганда тең ҳуқыққа ийе болыў принципи қолланылыўы мәлим болады. Бирақ, инвестиция искерлигин әмелге асырыўда хеш бир субъект инвестиция искерлигиниң басқа субъектине қарағанда қосымша абзаллықларға ийе болмайды.

Жоқарыда келтирип өтилген нызамның 12-статьясына муўапық шәртнама дүзиў, шериклер ҳәм кепиллик бериўшилерди таңлаў, мәжбүриятларын белгилеў, сондай-ақ, инвестиция искерлиги субъектлери өз-ара қатнасықларының басқа шәртлери нызам хүжжетлери менен тәртипке салынады. Усы статьяда шәртнаманың еркинлиги принципи анық

белгиленбеген, бирақ оның белгилерин көриўимиз мүмкин, яғный: шәртнама бойынша шерикти таңлаўда инвестиция искерлиги субъектиниң қәлеўи, инвестиция искерлиги субъектлери тәрепинен шәртнама түрини ҳәм тәреплер миннетлемелерин бийғәрез белгилеўдур. Сол нарсе әҳмийетли, инвесторлар тәрепинен дүзилетуғын шәртнамалар инвестиция искерлигин әмелге асырыўдың бир басқышы болып есапланады.

Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамның 21-статьясы екинши бөлиминде мәмлекет органлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары инвестиция искерлиги субъектлериниң нызам хүжжетлерине муўапық әмелге асырып атырған искерлигине араласыўға хақылы емеслиги белгиленген[1]. Деген менен, усы нызам нормалары инвестиция искерлиги субъектлериниң жеке мәплерин қорғаўды кепиллейди.

Егер мәмлекет органлары ҳәм шолардың лаўазымлы шахслары инвестиция искерлиги субъектлериниң искерлигине нызам хүжжетлери бузылғанлықларын анықласа, олар ўәкилликлери болған ҳәм белгили бир низам бузыўшылықларды сапластырыў менен тиккелей байланыслы шараларды көриўлери мүмкин. Мәмлекет органлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары нызам бузыўшылық барлығы фактинен инвестиция искерлиги субъектлериниң басқа нызамлы искерлигине араласыў ямаса искерлигин шеклеп қойыў ушын тийкар сыпатында пайдаланыўы мүмкин емес.

Солай етип, қамсызландырыў шөлкемлери өз инвестиция искерлиги даўамында нызам хүжжетлери талапларын бузбаған тәғдирде олардың инвестиция искерлиги менен байланыслы болған ислерине мәмлекет хәкимият органлары, өз-өзини басқарыўшы жергиликли органлар ҳәм басқа шахслар араласыўына хақылы емес. Яғный, мәмлекет хәкимият органларына ҳәм өзин-өзи басқарыўшы жергиликли органларға

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999 й., 1-сон, 10-модда; 2004 й., 1-2-сон, 18-модда

қамсызландырыў шөлкемларине өз қәрежетлерин қай жерге, қанша муғдарда ҳәм қандай мақсетлерде жайластырыў бойынша көрсетпе бериў ҳуқықы берилмеген. Сол себепли, қамсызландырыў шөлкемлери өз инвестиция искерлигин әмелге асырыў даўамында жеке жумысларға қандайда бир бир адамның өзбасымшалық менен араласыўына жол қоймаў принципинен пайдаланыў ушын тийкар жаратып бериўи тийис.

Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы нызамның 22-статьясы нормалары мүлктиң айыпсызлығы принципи белгилерин көриў мүмкин. Усы статьяға тийкарынан мәмлекет инвестициялар қорғалыўын кепиллейди. Яғный инвестордың мүлкке ийелик етиў ҳуқықы айыпсызлығы мәмлекет тәрепинен тәмийинленеди.

Соның менен бир қатарда, инвестициялар ҳәм инвесторлардың басқа активлери мәмлекет мүлкине айландырылмайды ҳәм реквизиция қылынбайды. Тек ғана табийий апатшылықлар, авариялар, эпидемиялар, эпизоотия жағдайлары ҳәм басқа айырықша қәсийетке ийе болған жағдайларда инвестициялар мәмлекет ҳәкимияты органының қарарына тийкарланып инвестордан оған инвестиция қылынған мал-мүлктиң баҳасын таңлаған жағдайда нызам хүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәм шәртлер тийкарында реквизиция қылыныўы мүмкин. Инвестиция искерлиги субъекти оған акциялар ҳәм басқа қымбатлы қағазлар, оның мақсетли банк аманатлары, сондай-ақ алынған мал-мүлк алып қойылған (реквизиция қылынған) жағдайларда олар бахасы ямаса ижара төлемлери нызам хүжжетлерине муўапық қапланады (компенсация төленеди).

Усы принцип экономикада мүлкий тәртип орнатыў бойынша тийкар жаратады. Усы принципке муўапық инвестиция искерлиги тараўында әмел қылыўшы ҳуқықый нормалар инвесторлар ушын оларға тийисли болған инвестицияларға ийелик етиў, олардан пайдаланыў ҳәм оларды өз қарамағына алыў бойынша ҳуқықларын толық әмелге асырыў имканиятын тәмийинлейди.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 53-статьясы екинши бөлимине муўапық жеке мүлк басқа мүлк формалары сыяқлы қол қатылмайды ҳәм мәмлекет қорғаўында. Мүлкдар тек ғана нызамда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте ғана мүлктен ажыралып қалыўы мүмкин. Пуқаралық кодексиниң 233-статьясына муўапық мүлк ҳуқықын бийкар ететуғын нызам қабыл етилген тәғдирде, усы нызамды қабыл етиў нәтийжесинде мүлкдарға жеткизилген зыян, соннан мал-мүлктин баҳасы мәмлекет тәрепинен төленеди. Зыянды төлеў менен байланыслы келиспеўшиликлер суд тәрепинен шешиледи.

Сол себепли, қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция сыпатында жайластырған мал-мүлктиң айыпсызлығын тәмийинлеў мақсетинде “Қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлиги хаққында”ғы Реже жойбарының текстинде инвестордың мал-мүлкиниң айыпсызлығы принципин сәўлелениўдириў тийис.

Бизиңше, инвестордың финанслық қәрежетлери Өзбекстан Республикасының пүткил аймағында еркин ҳәрекетте болыўы принципи Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамда нәзерде тутылмаған. Сол себепли, усы принципти “Қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлиги хаққында”ғы Реже жойбары текстинде сәўлелендириў тийис деп есаплаймыз. Себеби, усы принципке муўапық Өзбекстан Республикасының жалғыз экономикалық жағдайы жүзеге келеди ҳәм инвестордың финанслық қәрежетлери еркин ҳәрекетте болыўына тосқынлық қылатуғын жергиликли қағыйдалардың белгилеўине жол қойылмайды. Буның менен, қамсызландырыў шөлкемлерине Өзбекстан Республикасының пүтин аймағында еркин түрде инвестиция искерлигин асырыўға мүмкиншилик пайда етиледи.

Өзбекстан Республикасының “Инвестиция искерлиги хаққында”ғы Нызамның 8-статьясына муўапық инвестицияланыўы усы нызам ямаса басқа нызамлар менен шекленген ямаса қадаған етилген объектлерден

тысқары, ҳәр қандай объектке инвестициялар киритиў инвестордың толық ҳуқықы есапланады ҳәм нызам менен қорғалады. Инвестор инвестициялаў мақсети, бағдары, түри ҳәм көлемин бийғәрез рәўиште белгилейди, буны әмелге асырыў ушын шартнама тийкарында, қағыйда бойынша, таңлаў (тендер) саўдасын өткериў жолы менен юридикалық ҳәм физикалык шахсларды инвестиция искерлиги қатнасыўшылары сыпатында тартады. Нызам хүжжетлерине муўапық инвестор инвестиция объектлерине ҳәм олардың нәтийжелерине ийелик етиў, олардан пайдаланыў, оларды өз қәўендерлигине алыў, сондай-ақ, реинвестиция қылыў ҳуқықына ийе. Нызам хүжжетлеринде белгиленген мүлк ҳуқықын қолға киритиўди келтирип шығармайтуғын объектлерге инвестиция киритиў инвестордың кейинирек бул объектлерге ийелик етиў, оларды оператив басқарыў ямаса олардан пайдаланыўдан алынатуғын пайдада қатнасыў ҳуқықын бийкар етпейди. Инвестордын қарарына муўапық инвестиция объектлерине ҳәм олардың нәтийжелерине ийелик етиў, олардан пайдаланыў, оларға қәўендерлик қылыў ҳуқықы нызам хүжжетлеринде белгиленген тәртипте басқа юридикалық ҳәм физикалык шахсларға берилиўи мүмкин. Ҳуқыкларды бериў ўақтында тәреплердиң өз-ара қатнасықлары олар дүзетуғын шәртнамалар тийкарында тәртипке салынады. Егер нызам хүжжетлеринде басқаша тәртип белгиленбеген болса, инвестор, өзине зәрүр болған мал-мүлкти юридикалық ҳәм физикалык шахслардан өз-ара келисим тийкарында белгиленетуғын баҳа ҳәм шәртлерде, көлеми ҳәм номенклатурасын шеклемеген тәрзде алыўға хақылы.

Жоқарыда келтирип өтилген нызам статьясында инвестордың барлық ҳуқықлары баян етилген. Инвестордың ҳуқықларын әмелге асырыў ушын ҳуқықый тийкар жаратып бериў тийис, яғный бул бойынша өз ҳуқықларын тосқынлықсыз әмелге асырыў зәрүрлиги принципин енгизиў керек болады. Усы принциптиң мазмуны соннан ибарат, инвестиция киритиў тараўында исбилерменлик ҳәм басламашылық өзгешеликлерин баян етиў ушын инвесторларға жетерли дәрежеде еркинлик бериў керек.

Сонда инвестиция искерлиги турақлы түрде өз жумысы ҳәм нәтийжели раўажланыўы мүмкин.

Сол себепли, бизиңше Өзбекстан Республикасы қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлигин ҳуқықый тәртипке салыўдың тийкары сыпатында инвестордың ҳуқықларын тосқынлықсыз әмелге асырыў зәрүрлиги принципи болыўы тийис деп есаплаймыз. Соның менен бир қатарда, усы принципти “Қамсызландырыў шөлкемлериниң инвестиция искерлиги хаққында”ғы Реже жойбары текстинде сәўлелендириў тийис. Усы принципке муўапық инвестиция искерлиги тараўында қамсызландырыў шөлкемлери өз ҳуқықларын еркин әмелге асырыў имканиятына ийе болады деп ойлаймыз.

Үшиниши бап бойынша төмендеги жуўмақларды келтириўимиз мүмкин:

Қамсызландырыў базарын мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў, биринши нәўбетте - қамсызландырыўшылар искерлигин ҳуқықый нормаларын ислеп шығыў ҳәм қабыл қылыў, екинши нәўбетте болса - қамсызландырыў искерлигин мәмлекет тәрепинен қадағалаў арқалы әмелге асырылады.

Өзбекстанда қамсызландырыў шөлкемлери искерлиги үстинен қадағалаўды әмелге асырыўшы мәмлекет органы болып Өзбекстан Республикасы Финанс министирлиги жанындағы Қамсызландырыўды қадағалаўшы мәмлекетлик инспекциясы есапланады. Бул инспекция қамсызландырыў қатнасықлары барлық қатнасыўшыларының ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерин қорғаўды тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы аймағында жайласқан қамсызландырыў шөлкемлери искерлиги үстинен қадағалаўды амелге асырады.

Бизиңше, қамсызландырыў шөлкемлари инвестиция искерлигин ҳуқықый тәртипке салыўдың тийкарғы қағыйдаларын анықлап алыў ҳәм оны ислеп шығыў тийис болған жаңа Режеде сәўлелендириў зәрүрлиги соннан ибарат, яғный норматив-ҳуқықый хүжжетлерде белгиленген

принциплер тек инвестиция искерлиги тараўында әмелге асырылатуғын қатнасықларды тәртипке салыўда қолланыўы мүмкин.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Қамсызландырыў хызмети мәмлекет экономикасын раўажландырыў бойынша қамсызландырыў фондын қәлиплестириў ҳәм оннан пайдаланыўды тәмийинлейтуғын экономикалық қатнасықлардың жыйындысын қурайды. Қамсызландырыў шөлкеминиң инвестиция искерлиги болса хәзирги заман қамсызландырыў хызметиниң тийкарғы қурам бөлегин қурамақта хәмде жәмийетлик қатнасықларда қамсызландырыў хызметиниң орны түптен өзгериске себеп болмақта.

Бир тәрептен, қамсызландырыў хызметиниң тийкарғы ўазыйпасы көзде тутылмаған ҳәм айырықша жағдайлар жүз берген тәғдирде жеткизилген зыянды қаплаўдан ибарат. Тек қамсызландырыў шөлкеми тәрепинен шөлкемлестирилген қамсызландырыў фондының барлығы усы жеткизилген зыянды өз ўақтында қапланыўын кепиллейди.

Екинши тәрептен болса, қамсызландырыў фондында пул қәрежетлериниң топланыўыны есабынан қамсызландырыў шөлкеми өзиниң ўақтынша тийкарғы болған финанслық ресурсларын мәмлекет экономикасын раўажландырыў ушын инвестиция қылыўы мүмкин. Тек жер жүзлик финанслық-экономикалық кризис дәўиринде қамсызландырыў шөлкемлери қамсызландырыў хызметин көрсетиў арқалы халықтың хәмде хожалық жүритиўши субъектлериниң пул қәрежетлерин өзиндн жәмлеп, усы финанслық ресурсларды Өзбекстан экономикасын раўажландырыў ушын сарыплаў стратегиялық әхмийетке ийе.

Дүньядағы раўажланған мәмлекетлердин финанс-кредит системасында қамсызландырыў шөлкемлери өзиниң финанслық ресурсларын жәмлеў масштабы хәмду усы қәрежетлерди узақ мүддетке инвестициялаў бойынша банклер менен бир қатарда жүреди. Өзбекстанда болса ишки финанслық ресурсларды толық жәмлеў бойынша қамсызландырыў шөлкемлери өз имканиятларын жетерли дәрежеде әмелге асырмаған.

Бизиңше, қамсызландырыў шөлкемлариниң инвестиция искерлигин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў төмендеги мақсетлерии өз алдына қойыўы тийис:

бириншиден, инвестициялаў процесслери үстинен қадағалаў орнатыў арқалы қамсызландырыў қылдырыўшы ҳәм қамсызландырылған шахстың мәплерин қорғаў;

екиншиден, қамсызландырыў шөлкемлериниң финанслық ресурсларын көбейтиў имканиятын бериў мақсетинде инвестиция искерлигин әмелге асырыў ушын қолай шәрт-шараятлар жаратыў арқалы қамсызландырыўшылардың мәплерин қорғаў;

үшиншиден, мәмлекетимиз экономикасы мәплери бойынша қамсызландырыў шөлкемлериниң қәрежетлеринен нәтийжели пайдаланыў арқалы мәмлекет мәплерин тәмийинлеў.

Бизиңше Өзбекстан Республикасының нызамшылығында туўры ҳәм портфел инвестициялардың тәрийпи берилмеген. Усы себепли, усы түсиниклердиң тәрийплери нызамшылығымызда көрсетилип өтилиўи мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

Мәмлекетимиз басшылары тәрепинен қамсызландырыў хызмети базарын жәнеде реформалаў ҳәм раўажландырыў бойынша үлкен жумыслар әмелге асырылмақта. Ҳурметли Президентимиз И.А. Каримов инициативасы менен Өзбекстан Республикасының “Транспорт кураллары ийелерин пуқаралық жуўапкершилигин мәжбүрий қамсызландырыў ҳаққында”ғы Нызамы ҳәмде “Ис бериўшиниң пуқаралық жуўапкершилигин мәжбүрий қамсызландырыў ҳаққында”ғы Нызамы қабылланды. Усы нызамлар қамсызландырыў шөлкемлерине халық ҳәмде хожалық жүритиўши субъектлердиң пул қәрежетлерин топлаў имканиятын жаратады. Сол арқалы қамсызландырыў шөлкемлери өзиндн жәмлеген үлкен муғдардағы пул қәрежетлерин экономиканың түрли тараўларына инвестиция түринде киритиўи ҳәм бул искерлиги нәтийжеси арқалы бир қанша муғдарда пайда алыўы мүмкин.

Соның менен бир қатарда, қамсызландырыў шөлкемлерине тек ғана қамсызландырыў искерлиги мене емес, бәлким инвестициялық искерлик пенен щуғылланыў ушын бир қатар имканиятлар жаратып берилмекте. Қамсызландырыў искерлигин жәнеде жетилистириў, қамсызландырыўшылардың капиталласыўы ҳәм финанслық турақлылығын асырыў, олардың аймақлық тармақларын кеңейтиў ҳәм қамсызландырыў шөлкемлерин инвестициялық процесслердеги қатнасын иштирокини хошаметлеў, сондай-ақ, қамсызландырыў хызметлери тутыныўшылары ҳуқықларын нәтийжели қорғаўды тәмийинлеў мақсетинде 2008 жыл 21 майда Өзбекистан Республикасы Президентиниң “Қамсызландырыў хызметлери базарын жәнеде реформалаў ҳәм раўажландырыўға тийисли қосымша ис-илажлар хаққында”ғы қарары қабылланды. Усы қараға муўапық қамсызландырыў шөлкемлери қымбатлы қағазлар базарында инвестициялық қураландырыўшы сыпатында профессионал искерликти әмелге асырыў ҳуқықын қолгга киритти. Бунда қамсызландырыў шөлкемлери тәрепинен жоқарыда көрсетилген искерлик түрин әмелге асырыў ушын лицензия алыўы талап қылынбайды. Яғный, Өзбекистан Респушбликасы Финанс министирлиги тәрепинен қамсызландырыў искерлигин әмелге асырыў ушын берилген лицензия тийкарында қамсызландырыў шөлкемлери қымбатлы қағазлар базарында инвестициялық искерлик пенен шуғылланыўы мүмкин. Буның менен, инвестициялық искерлик пенен шуғылланыўшыға ҳуқықый негиз жаратылды десек алжаспаған боламыз.

Өзбекстан Республикаси Президентиниң 2007 жыл 10 апрелдеги ПҚ-618-санлы “Қамсызландырыў хызметлери базарын жәнеде раўажландырыў ис-илажлары хаққында”ғы қарары менен тастыйықланған дәстүрдиң 20-бантине муўапық “Қамсызландырыўшы ҳәм қайта қамсызландырыўшының инвестиция искерлиги хаққындағы Реже”ни ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў белгиленген. Жоқарыда атап өтилген қарардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетиндн хәмде қамсызландырыў

шөлкемлери инвестиция искерлигин тәртипке салыўды жолға қойыў ҳәм қамсызландырыўшыларға бирден-бир қағыйдаларын белгилеў мақсетинде қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлиги хаққындағы Режени ислеп шығыў тийис. Соның менен бир қатарда, қамсызландырыў шөлкемлери инвестиция искерлиги хаққындағы Реже жойбарында инвестордың ҳуқықларын тосқынлықсыз әмелге асырыў зәрүрлиги принципин, инвестор мал-мүлкиниң айыпсызлығы принципин, инвестордың финанслық қәрежетлери Өзбекстан Республикасының барлық территориясында еркин ҳәрекетте болыўы принципин ҳәмде қамсызландырыў шөлкемлери өзин ўақтынша тийкарғы пул қәрежетлерини диверсификация, қайтарыў, пайда келтириў ҳәм ликвидлик шәртлери тийкарында жайғастырыўы кереклиги принципин сәўлелендириў тийис деп есаплаймыз.

Усы Режениң қабылланыўы қамсызландырыў шөлкемлеариниң инвестициялық искерлигин реформалаў ҳәм кескин раўажланыўына ҳуқықый негиз пайда етеди деп үлкен исеним менен айта аламыз.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

I. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер


1. Өзбекстан Республикасының Конституциясы.- Т.: Ўзбекистон. 2011.

2. Ўзбекистон Республикасининг "Инвестиция фаолияти тўғрисидаги Қонуни.

3. Ўзбекистон Республикасининг "Суғурта фаолияти тўғрисидаги Қонуни.

4. Ўзбекистон Республикасининг "Транспорт воситалари эгаларининг фуљаролик жавобгарлигини мажбурий Суғурта қилиш тўғрисидаги Қонуни.

5. Ўзбекистон Республикасининг "Иш берувчининг фуљаролик жавобгарлигини мажбурий Суғурта љилиш тўғрисидаги Қонуни.

6. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик кодекси.

7. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2002 йил 31 январдаги ПФ-3022-сонли "Суғурта бозорини янада эркинлаштириш ва ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисидаги Фармони.

8. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2007 йил 10 апрелдаги ПФ-618-сонли "Суғурта хизматлари бозорини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисидаги қарори.

9. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2008 йил 21 майдаги ПФ-872-сонли "Суғурта хизматлари бозорини янада ислоќ љилиш ва ривожлантиришга оид љњшимча чора-тадбирлари тўғрисидаги қарори.

10. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маќкамасининг 2002 йил 27 ноябрдаги 413-сонли "Суғурта хизматлари бозорини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисидаги қарори.

11. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маќкамасининг 1998 йил 08 июлдаги 286-сонли "Суғурта фаолиятини давлат томонидан тартибга солиш чора-тадбирлари тўғрисидаги қарори.

12. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маќкамасининг 2008 йил 08 сентябрдаги 202-сонли "Ўзбекистон Республикаси Молия вазирлигининг Суғурта назоратчилари халљаро уюшмасига кириши тўғрисидаги қарори.

13. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2008 йил 24 июндаги 141-сонли ““Транспорт воситалари эгаларининг фуљаролик жавобгарлигини мажбурий Суғурта љилиш тўғрисидаги Ўзбекистон Республикаси Қонунини амалга ошириш чора-тадбирлари ҳақида”ги қарори.
14. Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги томонидан 2003 йил 01 февралда 1213-сон билан рњйхатга олинган “Суғурта агентлари тўғрисида низом”.
15. Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги томонидан 2008 йил 12 майда 1806-сон билан рњйхатга олинган “Суғурталовчилар ва қайта Суғурталовчиларнинг танлов қобилияти тўғрисида Низом”.
16. Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги томонидан 2008 йил 15 декабрда 1882-сон билан рўйхатга олинган “Суғурталовчиларнинг Суғурта захиралари тўғрисида Низом”.
17. Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги томонидан 2009 йил 28 январда 1891-сон билан рўйхатга олинган “Бизнес соҳаси учун Суғурта хизматлари кўрсатишнинг ягона талаблари ва стандартлари тўғрисида Низом”.

## II. Өзбекстан Республикасы Президентиниң шығармалары

1. И.А. Каримов. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. Т.: Ўзбекистон, 2009.
2. И.А. Каримов. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Асарлар тўплами. Т.13. Т.: Ўзбекистон, 2005.
3. И.А. Каримов. Ислоҳотлар стратегияси – мамлакатимиз иқтисодий салоҳиятини юксалтиришдир. Асарлар тўплами. Т.11. Т.: Ўзбекистон, 2003.

4. И.А. Каримов. Мустақиллик ва Ватан равнақи, халқ озодлиги ва фаровонлиги – олий маљсадимиз. Т.: Ўзбекистон, 2000.

5. И.А. Каримов. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т.: Ўзбекистон, 1998.

6. И.А. Каримов. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. Т.: Ўзбекистон, 1998.

7. И.А. Каримов. Ўзбекистон сиёсий ва иқтисодий тараққиётининг асосий тамойиллари. Асарлар тўплами. Т.6. Т.: Ўзбекистон, 1998.

8. И.А. Каримов. Ўзбекистон иқтисодий юксалиш йўлида. Асарлар тўплами. Т.5. Т.: Ўзбекистон, 1998.

9. И.А. Каримов. Ўзбекистон – жаҳон ҳамжамиятига интеграция. Асарлар тњплами. Т.5. Т.: Ўзбекистон, 1998.

10. И.А. Каримов. Ўзбекистон иқтисодийислоҳотларни янада чуқурлаштириш йўлида. Т.: Ўзбекистон, 1995.

## III. Арнаўлы әдебиятлар

Андреев В.К., Степанюк Л.Н., Остроухова В.И. Правовое регулирование предпринимательской деятельности. Учебное пособие. М., 1996.

2. Беренс В., Хавранек Н. Руководство по оценке эффективности инвестиций. М., 1995.

3. Бирман Г., Шмидт С. Экономический анализ инвестиционных проектов. М.: ЮНИТИ, 1997.

4. Богатырев А.Г. Инвестиционное право. М. 1992.

5. Борисов Е.Ф., Волков Ф.М. Основы экономической теории. Учебное пособие. М.: Высшая школа. 1993.

6. Бочаров В.В. Финансово-кредитные методы регулирования рынка инвестиций. М., 1993.

7. Воблый К.Г. Основы экономии страхования. М., 1993.

8. Вознесенская А. Иностранные инвестиции: Россия и мировой опыт. М.: ИНФРА-М, 2001.

9. Воронцовский А.В. Инвестиции и финансирование: методы оценки и обоснование. СПб, 2003.
10. Гитман Л. Дж., Джонк М.Д. Основы инвестирования. М., 1997.
11. Дубровина Т.А., Сухов В.А., Шеремет А.Д. Аудиторская деятельность в страховании. Учебное пособие. М.: ИНФРА-М, 1997.
12. Игонина Л.Л. Инвестиции. Учебное пособие/Под ред. д-ра экон. наук В.А. Сленова, М., 2004.
13. Игошин Н.В. Инвестиции. Организация управления и финансирование. М.: Финансы, 2000.
14. Игошин Н.В. Инвестиции. Учебник. М.: ЮНИТИ, 2001.
15. Кирин А.В. Правовые основы отношений государства и инвесторов. М.: ИНФРА. – М., 1998.
16. Ковешников М.Е. Правовое регулирование иностранных инвестиций в Российской Федерации. М., 2001.
17. Комментарий к Гражданскому кодексу Российской Федерации части первой / Под ред. О.Н. Садикова. М.: ИНФРА-М, 1997.
18. Комментарий к части второй Гражданского кодекса Российской Федерации для предпринимателей / Рук. Авт. Кол. – М.И. Брагинский, отв. Ред. – В.Д. Карпович. М.: НОРМА, 1996.
19. Краснова И.А. Страховые фонды и финансово-кредитные отношения. М.: Анкил, 1993.
20. Кузнецов А.Ю. Регулирование рынка страховых услуг в условиях формирования экономики. М., 1996.
21. Куркин А.В. Американские монополии и международный страховой рынок. М.: Наука, 1978.
22. Курс международного торгового права / Тынель А., Функ Я., Хвалей В. – 2-е изд. – Минск: Амалфея, 2000.
23. Международное торговое право. Учебное пособие. Под общ. Ред. В.Ф. Попондуло. М.: Омега-Л, 2005.

24. Основы страховой деятельности. Учебник/ отв. Ред. Проф. Федорова Т.А. – М., 1999.
25. Петров П.П. Теория финансов в условиях рыночной экономики. Самара, 2001.
26. Ример М.И., Касатов А.Д. Планирование инвестиций. М.: ИД «Высшее образование и наука», 2001.
27. Сергеев И.В., Веретенникова Н.И. Организация ва финансирование инвестиций. Учебное пособие. М.: Финансы и статистика. 2001.
28. Серов В.М. Инвестиционный менеджмент: Учебное пособие. М.: ИНФРА-М, 2000.
29. Страхование от А до Я. / Под ред. Л.И. Корчевской, К.Е. Турбиной. М.: ИНФРА-М, 1996.
30. Страховой портфель / Отв. Ред. Ю.Б. Рубин, В.И. Солдаткин. М., 1994.
31. Сухов В.А. Государственное регулирование финансовой устойчивости страховщиков. М., 1995.
32. Турбина К.Е. Инвестиционный процесс и страхование инвестиций от политических рисков. М., 1995.
33. Фадейкина Н.В. Теория и практика финансового регулирования деятельности страховых компаний. Новосибирск, 1996.
34. Финансовое право. Учебник/Отв. Ред. О.Н. Горбуновой. М., 1999.
35. Финансы. Денежное обращение. Кредит. Учебник для вузов. М.: Финансы, ЮНИТИ, 1997.
36. Формирование и оптимизация инвестиционного портфеля. Методы оценки. Технический анализ. Курс лекций. М., 1997.
37. Черепанов Н.С. Предпринимательское право в рыночной экономике. М., 2004.
38. Чикулаев Р.В. Инвестиционная деятельность: организация и государственно-правовое регулирование: Учебное пособие/Перм. ун-т. Пермь, 2003.
39. Шарп У.Ф., Александрер Г.Дж., Бэйли Дж.В. Инвестиции. М., 2003.

40. Шершеневич Г.Ф. Курс гражданского права. Тула: Автограф, 2001.
41. Шахов В.В. Страхование. Учебник. М.: Страховой полис, ЮНИТИ, 1997.
42. Шахов В.В. Введение в страхование: Учебное пособие. М.: Финансы и статистика, 1999.

## IV.Интернет Сайтлары